**ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ**

**БЕРДАҚ АТЫНДАҒЫ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИК УНИВЕРСИТЕТИ**

**ҚАРАҚАЛПАҚ ФИЛОЛОГИЯСЫ ФАКУЛЬТЕТИ**
**ЖУРНАЛИСТИКА КАФЕДРАСЫ**

**УТЕНИЯЗОВА АЙНУРА БАХЫТБАЕВНАНЫҢ**

**«Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийраслардың сәўлелениў мәселелери»**
**атамасында 5А320101 – Журналистика (Хызмет түрлери бойынша) қәнигелиги бойынша магистр дәрежесин алыў ушын таярлаған**

# МАГИСТРЛИК ДИССЕРТАЦИЯСЫ

**Илимий басшы:**
**филология илимлериниң**
**кандидаты, доцент Қ.Ж.Қалекеев**

**НӨКИС – 2011**

**Қорғаўға рухсат берилди:**

| | |
|---|---|
| Магистратура бөлими баслығы: | ю.и.д., проф.Е.Қутыбаева |
| Журналистика кафедрасы баслығы: | т.и.к. Д.Бекбаўлиев. |
| Илимий басшы: | ф.и.к. Қ.Қалекеев |
| Биринши рәсмий оппонент: | ф.и.к. доц. Ж.Нызаматдинов |
| Екинши рәсмий оппонент: | ф.и.к. доц. Д.Пахратдинов |

Диссертация 2011-жылдың «_____» ______________ күни қорғалды.

Қорғаўдың нәтийжелери:

Мәмлекетлик аттестация комиссиясының қарары:

Магистрант Утениязова Айнураның «Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийраслардың сәўлелениў мәселелери» атамасындағы 5А321001 – Журналистика (Хызмет түрлери бойынша) қәнигелиги бойынша магистрлик дәрежесин алыў ушын усынылған диссертациясы

«______» балл менен баҳаланды.

МАК баслығы:

МАК орынбасары:

МАК ағзалары:

Илимий хаткер:

# ЖОБАСЫ:

КИРИСИЎ…………………..……………………………………………………4

1.БАП. ЗАМАНАГӨЙ ҚАРАҚАЛПАҚ БАСПАСӨЗИНДЕ ТАРИЙХЫЙ-МӘДЕНИЙ МИЙРАСЛАРДЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ…………12

**1.1. Тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириўде миллий баспасөздиң тутқан орны** ……..……………………………………………12

**1.2. Тарийхый-мәдений мийрасларды жарытыўда публицистикалық шеберлик**…………………………………………………………...…33

2.БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БАСПАСӨЗИНДЕ ЖӘРИЯЛАНҒАН ТАРИЙХЫЙ-МӘДЕНИЙ МИЙРАСЛАР ТЕМАТИКАСЫНДАҒЫ МАТЕРИАЛЛАРДЫҢ КОМПОЗИЦИЯСЫ, ЖАНРЫ, ТИЛИ ҲӘМ ЖУРНАЛИСТ СТИЛИ МӘСЕЛЕЛЕРИ……………………………………51

**2.1. Публицистикалық шығарма композициясын қәлиплестириўде журналист уқыплылығы, тили ҳәм индивидуал услуб**…..………………51

**2.2. Баспасөз материалларының жанрлық өзгешеликлери**......…………63

ЖУЎМАҚЛАЎ……………………………………………………………..79

ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ……………………………...84

# КИРИСИЎ

**Теманың актуаллығы.** Ғәрезсизликке ерискен дәслепки күнлерден баслап-ақ тарийхый ҳақыйқатлықты жүзеге шығарыў, ата-бабаларымыздан мийрас болып қалған миллий қәдирият ҳәм дәстүрлеримизди, миллий мәнаўиятымызды қайта тиклеў мәмлекетлик сиясат дәрежесине көтерилди. Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов өзиниң «Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш» атлы шығармасында «Өз тарийхын билмейтуғын, кешеги күнин умытқан миллеттиң келешеги жоқ. Бул ҳақыйқатлық адамзат тарийхында көп мәртебе өз тастыйықлаўын тапқан»[1]- деп айрықша атап көрсетеди. Мәмлекетимизде тарийхый-мәдений мийрасларымызды көз қарашығындай сақлаў, тарийхый мийрас объектлерин изертлеў ҳәм олардың дүньяжүзлик цивилизацида тутқан орны ҳәм әҳмийетин белгилеў бойынша бир қатар ислер әмелге асырылмақта. Және бир әҳмийетли тәрепи, мәмлекетимизде бул тараўға тийисли нызмашылық системасы ислеп шығылып, турақлы түрде жетилистирилип барылмақта.

«Тарийхый-мәдений мийрас объектлерин қорғаў ҳәм олардан пайдаланыў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасының Нызамының 3-статьясына муўапық мәдений мийрас объектлери материаллық ҳәм материаллық емес мәдений мийрас объектлери болып екиге бөлинеди.

**1. Материаллық мәдений мийрас объектлерине** тарийхый, илимий, көркем-әдебий яки өзгеше мәдений баҳалылыққа ийе болған ансамбллер, дыққатқа ылайық орынлар ҳәм естеликлер киреди.

**2. Материаллық емес мийрас объектлерине** тарийхый, илимий, көркем-әдебий яки өзгеше баҳалылыққа ийе болған үрп-әдетлер, халық дөретиўшилиги (сөз, аяқ ойын, музыка, тамаша өнери) сондай-ақ, халық қол өнери ҳәм әмелий көркем өнерментшилиги менен байланыслы болған билимлер, көникпелер, әсбап-үскенелер, артефактлер, мәдений мәканлар киреди.

---

[1] Каримов И.А. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш. – Тошкент: Маънавият. 2008. – Б. 4.

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен 2010-жыл 7-октябрде «2010-2020-жылларда Материаллық емес мәдений мийрас объектлерин қорғаў, сақлаў, үгит нәсиятлаў ҳәм олардан пайдаланыў мәмлекетлик бағдарламасын тастыйықлаў ҳаққында»ғы №222-санлы Қарары ҳәм «2010-2020-жылларда Материаллық емес мәдений мийрас объектлерин қорғаў, сақлаў, үгит нәсиятлаў ҳәм олардан пайдаланыў мәмлекетлик бағдарламасы» қабыл етилди.

ЮНЕСКОның Өзбекстан Республикасындағы елшиханасы тәрепинен 2003-жылда қабыл етилген «ЮНЕСКО конвенциясының ролин Өзбекстан аймағындағы барлық мәдений мийрасларды инвентаризациялаў процессинде күшейтиў» жойбары тийкарында «Материаллық емес мәдений мийрасларды инвентаризациялаўды күшейтиў» атамасында 2010-жылдың 14-15-июль күнлери Нөкис қаласында ЮНЕСКО ўәкиллери ҳәм Өзбекстан Республикасы Мәдeният ҳәм спорт ислери министрлиги, Республика халық дөретиўшилиги илимий-методикалық ҳәм мағлыўмат орайы қәнигелериниң қатнасыўында тренинг өткерилди.

2010-жылдың 16-июль 14-август күнлери аралығында дәстүрий Қарақалпақ музыкасын дала шәраятында үйрениў, усы тараўға тийисли материалларды жыйнаў бойынша қәнигелер қатнасыўында тренинг шөлкемлестирилди. Қала ҳәм район аймақларында өткерилген эспедиция нәтийжесинде қарақалпақ миллий саз әсбапларын жасаўшы усталар, жас бақсы ҳәм жыраўлар менен ушырасыўлар өткерилип, олардың репертуарындағы дәстан ҳәм қосықлар, миллий саз әсбапларын жаратыў процесси толығы менен сүўретке алынып, лазер дисклерине жазып алынды.

Сондай-ақ, 2010-жылдың август айында Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлик байрамы алдынан Қарақалпақстан Республикасы Мәдeният ҳәм спорт ислери министрлиги, Өзбекстан «Миллий тикланиш» демократиялық партиясының Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси ҳәм Қарақалпақстан Телерадиокомпаниясы тәрепинен биринши рет «Дәстан атқарыўшы

бақсылардың» Республика көрик-таңлаўы өткерилип, оған республикамыздың барлық қала ҳәм районларынан 17-45 жас аралығындағы бақсылар қатнасты.

2010-жылдың ноябрь айында болса Қарақалпақстан Республикасы Мәдений ҳәм спорт ислери министрлиги ҳәм Өзбекстан «Миллий тикланиш» демократиялық партиясының Қарақалпақстан Республикасы Кеңеси тәрепинен биринши рет «Қарақалпақ миллий ер ҳәм ҳаял-қызларының кийимлери» көргизбе-таңлаўы шөлкемлетирилди.

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизлигиниң 20 жыллық байрамы алдынан 2011-жылдың июль ҳәм август айларында «Дәстан атқарыўшы бақсылардың», «Қарақалпақ миллий ер ҳәм ҳаял-қызларының кийимлери» көргизбе-таңлаўын ҳәмде жоғалып баратырған халық әмелий көркем-өнерин тиклеў ҳәм раўажландырыў мақсетинде «Зергерлер, миллий саз әсбап жасаўшы усталардың» биринши Республика таңлаўын өткериў режелестирилген.

Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими Н.Даўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институты алымлары тәрепинен «Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тилиниң академиялық грамматикасы» (морфология ҳәм синтаксис бөлимлери), «Орта әсир түркий жазба естеликлери ҳәм қарақалпақ тили» (Хожа Ахмет Яссаўийдиң «Ҳикметлери» ҳәм Рабғузийдиң «Қыссасул-әнбия»), латын әлипбесинде «Ҳәзирги қарақалпақ тилиниң үлкен орфографиялық сөзлиги» ҳәмде 100 томнан ибарат «Қарақалпақ фольклоры»ның 4 китабы (1-8, 9-13, 14-26, 27-42 томлардан ибарат) баспадан шығарылды.

2007-жылы Финляндияның Хельсинки қаласында Жумабай жыраў Базаров атқарған «Едиге» дәстаны инглис ҳәм қарақалпақ тиллеринде баспадан шығарылды. 2008-жылы Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими Н.Даўқараев атындағы Тил ҳәм әдебият институты

фондында сақланған улыўма атқарыў ўақты 70 саattан ибарат 10 дәстан ҳәм 552 музыка ҳәм қосықлар заманагөй лазер дисклерине көширилди.

Булардың барлығы материаллық емес мәдений мийрас объектлерин сақлаў, үйрениў ҳәм оның әҳмийетин өсип киятырған жас әўладларға жеткериў бағдарында әмелге асырылып атырған жумыслар болып есапланады.

Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасы тәрепинен 2001-жыл 30-августта қабыл етилген (30.04.2004, 15.05.2005, ҳәм 09.10.2009-жылларда өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилген) «Тарийхый-мәдений мийрас объектлерин қорғаў ҳәм олардан пайдаланыў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасының Нызамы ҳәм Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен 2002-жыл 29-июль күни қабыл етилген №269-санлы «Мәдений мийрас объектлерин қорғаў ҳәм олардан пайдаланыўды жетилистириў ис-иләжлары ҳаққында»ғы Қарарларының етилиўи жоқарыдығы пикирлеримиздиң дәлили болып есапланады.

Сондай-ақ, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен 2001-жыл 28-декабрь күни «Мәдений мийрас объектлерин қорғаў ҳәм олардан пайдаланыўды жетилистириў иләжлары ҳаққындағы» №143/11-санлы Қарары ҳәм 2010-жыл 22-майда «Археологялық мийрас объектлерин қорғаў ҳәм олардан пайдаланыў ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамы қабыл етилди.

Қарақалпақстан Республикасы тарийхый естеликлерге бай үлке. Республикамыздың дерлик барлық қала ҳәм районларында ески қорған ҳәм әййемги қалалардың қалдықлары бар. Республикамыз аймағындағы тарийхый-мәдений мийрас объектлериниң дизимин қайта тастыйықлаў ҳәм муўапықластырыў мақсетинде Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2006-жыл 13-октябрдеги №166/10-санлы қарары менен 255 тарийхый-мәдений мийрас объектлери мәмлекетлик қорғаў дизимине алынып, солардан 48 тарийхый архитектуралық, 120 тарийхый-

археологиялық, 87 тарийхый мәдений монументаллық ҳәйкеллер ҳәм бюстлер болып есапланады.

Қарақалпақстан Республикасында мәмлекетлик қорғаў дизимине алынған 255 тарийхый-мәдений мийрас объектлеринен 57си (47%) мәмлекетлик кадастр дизиминен өткерилген болып, 120 тарийхый орынға мәмлекетлик қорғаў белгилери орнатылған.

Солардан бүгинги күнге шекем Республикалық әҳмийетке ийе естеликлер сыпатында Хожели районындағы «Миздахқан» археологиялық ҳәм архитектуралық комплекси, Гаўир қала, Елликқала районындағы «Топырақ қала», «Аяз қала», «Үлкен Қабат қала», «Гүлдирсин қала», «Қорғасын қала», «Қырыққыз қала», Төрткүл районындағы «Жамбасқала», «Қойқырылған қала», «Эрес қала», «Шорахан қала», «Қаландар дағлы», Беруний районындағы «Қыят қала», «Пил қала», «Қызыл қала», «Султан Ўайс баба» комплекси, «Қазақлы ятқан», Кегейли районындағы «Ийшан қала», «Шиблий ата», Әмиўдәрья районындағы «Шылпық», Қоңырат районындағы «Ҳаким ата», «Даўыт ата» ҳәмде Нөкис районындағы «Төк қала», «Кердер қала», «Ҳайўан қала» ҳ.т.б. тарийхый-мәдений мийрас объектлерин атап өтсек арзыйды.

Бир қанша орынлардағы естеликлер илимий жақтан изертленип, оларда консервация ҳәм реставрация жумыслары алып барылды. Атап айтқанда, Хожели районындағы «Миздахқан» археологиялық архитектуралық комлексиндеги «Назлымхан сулыў», «Мадаминхан», «Шамун Наби» мавзолейлери, Елликқала районындағы «Наринжан баба», Төрткүл районындағы «Қаландар дағлы», Беруний районындағы «Султан Ўайс баба», «Валиаталық», «Шынар баба», Кегейли районындағы «Шиблий ата», Қоңырат районындағы «Даўыт ата», «Ҳәким ата» ҳәм Әмиўдәрья районындағы «Шайх Жалил баба» мавзолейлеринде реставрация жумыслары алып барылған.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрас тематикасының сәулелениўин илимий жақтан үйрениў ҳәм мәлим бир жуўмақлар шығарыў бүгинги күндеги ең актуаль мәселелерден бири есапланады.

**Жумыстың мақсети ҳәм ўазыйпалары.** Изертлеўдиң тийкарғы мақсети ата-бабаларымыздан атадан балаға өтип киятырған материаллық ҳәм материаллық емес тарийхый-мәдений мийрасларымыздың миллий баспасөзинде сәулелениўин, Қарақалпақстан Республикасы Мәденият ҳәм спорт ислери министрлиги жанындағы Тарийхый-мәдений мийрас объектлерин қорғаў ҳәм олардан пайдаланыў инспекциясы ҳәм басқа тийисли шөлкемлер тәрепинен усы тараўға тийисли нызам ҳүжжетлериниң орынланыўын тәмийинлеў бойынша әмелге асырылып атырған ислердиң Қарақалпақстан баспасөзи арқалы жарияланыўының өзине тән қәсийетлерин үйрениўден ибарат.

Усы мақсеттен келип шыққан ҳалда изертлеў ўазыйпаларын төмендегише белгиледик:

- тарийхый-мәдений мийрасларды сәулелендириўде миллий баспасөздиң тутқан орнын белгилеў;

- тарийхый-мәдений мийрасларды жарытыўда публицистикалық шеберлик мәселелерин үйрениў;

- тарийхый, илимий, көркем-әдебий яки өзгеше мәдений баҳалылыққа ийе болған ансамбллер, дыққатқа ылайық орынлар ҳәм естеликлердиң халық турмысындағы әҳмийетин анықлаў;

- тарийхый, илимий, көркем-әдебий яки өзгеше баҳалылыққа ийе болған үрп-әдетлер, халық дөретиўшилиги (сөз, аяқ ойын, музыка, тамаша өнери) сондай-ақ, халық қол өнери ҳәм әмелий көркем өнерментшилиги менен байланыслы болған билимлер, көнликпелер, әсбап-үскенелер, ҳәм мәдений орынлардың баспасөзде берилиў өзгешелигин талқылаў;

- Қарақалпақстан баспасөзинде жәрияланған тарийхый-мәдений мийраслар тематикасындағы материаллардың композициясы, жанры, тили ҳәм журналист стили мәселелерин газета материаллары мысалында анализ етиў.

**Илимий жаңалығы**. Магистрлик диссертациямыздың илимий жаңалығы Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийраслардың сәўлелениўин биринши мәрте илимий анализ етип, тийисли жуўмақлар шығарылып атырғанлығы менен белгиленеди. Изертлеўде Қарақалпақстан баспасөзинде жарияланған материаллық ҳәм материаллық емес тарийхый-мәдений мийраслар республикалық газеталар мысалында үйренилди. Соның менен бирге бул тематикадағы жарияланған дөретпелердиң композициясы, жанры, тили ҳәм журналист стили мәселелери бойынша өз пикирлеримизди бериўге ҳәрекет етилди.

**Жумыстың теориялық ҳәм әмелий әҳмийети.** Магистрлик диссертация жумысы Миллий баспасөз мәселелерин, атап айтқанда, заманагөй қарақалпақ баспасөзин теориялық жақтан изертлеўде мәлим дәрежеде көмекши қурал сыпатында хызмет етеди. Соның менен бирге, ғәрезсизлик дәўириндеги миллий баспасөзде тарийхый-мәдений мийрас тематикасының тутқан орнын ҳәм ролин үйрениўде теориялық әхмийетке ийе. Изертлеў тийкарында шығарылған жуўмақлардан журналистика қәнигелигиниң аспирантлары, излениўшилери, магистр ҳәм студентлери пайдаланыўы мүмкин.

**Изертлеў объекти ҳәм предмети.** Магистрлик диссертация жумысымыздың тийкарғы объекти сыпатында ғәрезсизлик дәўириндеги Қарақалпақстан баспасөзи, анығырағы республикалық басылымлар болған «Еркин Қарақалпақстан», «Қорақалпоғистон тонги», «Қарақалпақстан жаслары» газеталары белгилеп алынды.

Изертлеўдиң предмети сыпатында «Еркин Қарақалпақстан», «Қорақалпоғистон тонги», «Қарақалпақстан жаслары» газеталарында

«Тарийх», «XXI әсир археологиясы жаңалықлары», «Тарийх бетлеринен», «Өтмиш ҳәм биз», «Тарийхқа нәзер салсақ», «Дәреклер», «Дәреклескен тарийхқа жат емес», «Шежире», «Тарийхтан дереклер», «Мийрас», «Өтмиштен саза», «Уллы тулғалар ҳаққында», «Тарийх ҳәм мәнаўият» ҳәм тағы басқада рубрикалар астында жарияланған С.Камалов, Ж.Базарбаев, Ҳ.Ҳамидов, М.Мамбетуллаев, С.Баҳадырова, Б.Қощанов, Ш.Бабашев, О.Юсупов, Ғ.Хожаниязов сыяқлы публицистлердиң тарийхый-мәдений мийраслар тематикасына бағышланған мақалалары үйренилди.

**Жумыстың теориялық ҳәм методологиялық тийкарлары.** Магистрлик диссертациямыздың методологиякалық тийкары сыпатында ең дәслеп Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикаларының Конституцияларына, ҳәмде Өзбекстан Республикасының Президенти И.А.Каримовтың мийнетлеринде илгери сүрилген пикирлерге [2]сүйендик.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийраслардың сәўлелениўин үйрениўде журналистика тараўы, әдебият ҳәм тарийх илимине тийисли фундаментал мийнетлерден пайдаландық.[3]

**Магистрлик диссертация жумысының дүзилиси.** Магистрлик диссертациямыздың структуралық дүзилиси Кирисиў, төрт бөлимди өз ишине алған еки бап, жуўмақлаў ҳәм пайдаланылған әдебиятлар дизиминен ибарат.

---

[2] Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон. 2001; Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. – Н.: Қарақалпақстан. 1993. Каримов И.А. Ўзбек халқы ҳеш қачон ҳеш кимге қарам болмайды. 13-жилд. – Т.: Ўзбекистон. 2005;. Ўзбекистоннинг ўз тараққиёт ва истиқлол йўли.-Т.:-Ўзбекистон.1992; Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир.-Т.:Ўзбекистон.1996;Ўзбекистонда демократик ўзлаштиришларни янада чукурлаштириш ва фуқаролик жамият асосларини шакллантиришнинг асосий йўналишлари.-Т.:Ўзбекистон.2002; Бизнинг бош мақсадимиз жамиятни демократиялаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир.-Т.:Ўзбекистон.2005

[3] Тоғаев О. Адиблар ва жанрлар. –Тошкент: Адабиёт ва санъат, 1976; Мўминов Ф.А. Журналистика ижтимоий институт сифатида. – Тошкент: Университет, 1998; Mo'minov F.A., Nurmatov A. Johon jurnalistikasi tarixi. – T.: Fan va texnologiyalar nashr, 2008; Абдуазизова Н.А. Туркистон матбуоти тарихи (1870-1917). – Тошкент: Академия, 2000; Абдуазизова Н. Мустақил Ўзбекистон журналистикаси тарихи. – Тошкент: Академия, 2007; Ҳозирги замон журналистикаси. –Тошкент: Aloqashi, 2008; Жәримбетов Қ.XIX әсир Қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Н. "Билим" 2004; Оразымбетов Қ. Ҳәзирги Қарақалпақ лирикасында көркем формаларда трилогиясы ҳәм типологиясы. Н.2004; Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры. Нөкис: Қарақалпақстан. 1977. Турдыбаев К.Қ. Дидактикалық қосықлар – руўхыйлығымыз ғәзийнеси. – Нөкис: 2009. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлиги тарийхынан. – Нөкис: "Вестник" китапханасы, 2001.

# 1.БАП. ЗАМАНАГӨЙ ҚАРАҚАЛПАҚ БАСПАСӨЗИНДЕ ТАРИЙХЫЙ-МӘДЕНИЙ МИЙРАСЛАРДЫҢ СӘЎЛЕЛЕНИЎ МӘСЕЛЕЛЕРИ

## 1.1. Тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириўде миллий баспасөздиң тутқан орны

«Бүгинги күнде баспасөз ўатанласларымызды жаңаша пикирлеўге үндеп, тоталитар дүзим шәраятында аяқ асты етилген қәдириятларымызды тиклеўге итибарын қаратпақта».[4] Бул пикирге басқа қәнигелерде қосылады. Мәселен, рус алымы Е.П.Прохоров: «Тарийх, әсиресе оның бүгинги дәўир ушын әҳмийетли болған тәреплери көз-қарасынан бәрқулла кең аудиторияның дыққатын өзине тартып келген»[5]-деп жазады. Миллий өзликти тиклеў, сол миллеттиң қәдди-қәўметин көтериўге алып келеди.

Ҳақыйқатында да, ҳәр бир халық өз тарийхын үйрениў, өтмишине терең ой жуўыртыў арқалы өзлигин аңлайды. Сонлықтан да, ата-бабаларының тарийхый-мәдений мийраслары ҳәм үрп-әдетлери тийкарында өзлигин аңлай билген, руўхый жетилискен халықтың мәнаўияты жоқары болады. Бүгинги глабалласыў дәўиринде халықтың мәнаўий жетискенлиги қаншеллик әҳмийетли екенлиги өз көринисин таппақта.

Халқымыздың өтмишин тереңирек ҳәм объективлик көз-қарастан үйрениў арқалы тарийхый ҳақыйқатлықты жүзеге шығарыў, адамзат цивилизациясының раўажланыўында мүнәсип орнына ийе ата-бабаларымыз тәрепинен дөретилген мийрасларды қайта тиклеў, оны кең жәмийетшиликке таныстырыўда ҳәм келешек әўладларға жеткерип бериўде ғалаба хабар қуралларының орны айрықша. Бул ҳаққында Президентимиз өзиниң «Тарихий хотирасиз келажак йўқ» атлы мийнетинде «Бизиң баспасөзимиз, телевидениемиз тарийхқа тийисли мақалаларды жәриялағанда бир адамның пикирин бирден-бир ҳақыйқат сыпатында қабыл етилиўине жол қоймаўы зәрүр. Белгили бир мәселеде ҳәр қыйлы пикирлерди бериў, бәсеки арқалы

---

[4]Абдуазизова Н.А. Ўзбекистон журналистикаси тарихи. – Тошкент: Академия. 2002. – Б. 3.
[5] Прохоров Е.П. Введение в теорию журналистики. – Москва: МГУ. 2005. – С. 67.

ҳақыйқатлықтың жүзеге шығыўына ерисиў лазым. Тарийхый ўақыяларды, шахслар хызметин түсиндириў жолы менен адамларды ҳақыйқаттан хабардар етиўимиз керек. Өйткени биз қурып атырған жәмийетимиздиң идеологиясыда тарийх булақларынан азықланады»[6] -деп көрсетеди.

Тоталитар дүзим дәўиринде бурмаланып көрсетилген халқымыздың бир неше мың жыллық тарийхы ҳәм өтмиште жасап өткен тарийхый тулғалары ҳаққындағы ҳақыйқатлықты жүзеге шығарыў ғәрезсизлик дәўири каракалпақ баспасөзи алдында турған ең тийкарғы ўазыйпалардың бирине айналды. Бул ҳаққында профессор Ф.А.Мўминов «Өзбекстан Республикасының сиясий ғәрезсизликке ерисиўи республика алымларына социализмниң идеялық шегаралаўынан азат болған жәмийетлик пәнлерди раўажландырыў имканиятын берди. Қысқа ўақыт ишинде республикалық баспасөзде жаңаша руўхта жазылған бир қанша мақалалар пайда болды. Бул мақалаларда миллетимизге тән болған тарийхый қәдириятлар, дәстүрлер ҳәм үрп-әдетлер қайта тикленбекте. Анығырағы, халқымыз өзиниң тарийхый яднамасын қайта тиклеў процессин бастан кеширмекте»[7] деп жазады.

Ғәрезсизликке ерискеннен кейин жәмийетлик турмыстың барлық тараўларында үлкен өзгерислер, жаңаланыў ҳәм раўажланыўлар жүз бере баслады. Бул өзгерислер журналистикада ҳәм баспасөз бетлеринде де кең түрде өз көрнисин тапты. Олардың тематикалық ҳәм структуралық анализи ғалаба хабар қуралларының миллий қәдириятлар ҳәм тарийхый-мәдений мийрасларды қайта тиклеў идеясы менен жәмийетшилик пикирин жаңаша қәлиплестириўши жәмийетлик институтқа айланғанын көрсетеди. Себеби Қарақалпақстан баспасөзи жәмийетлик қатламлардың социаллық турмысын сәўлелендириўши ҳәм оған белсене тәсир етиўши тийкарғы қурал болып есапланады.

---

[6] Каримов И.А. Тарихий хотирасиз келажак йўқ. –Тошкент: Шарқ. 1998. – Б. 28.
[7] Мўминов Ф.А. Журналистика ижтимоий институт сифатида.-Т.: Университет. 1998. – Б. 3.

Усы орында және бир айрықша атап өтетуғын тәреп, миллий қәдириятлар ҳәм тарийхый-мәдений мийрасларды ғалаба хабар қураллары арқалы сәўлелендириўде миллийлик яки глобалласыў шегераларында қалып кетпеў де жүдә әҳмийетли.

«Миллий ғәрезсизликти беккемлеў зәрүрлиги бир қатар жәмийетлик, руўхый-ағартыўшылық мәселелерине жаңаша қатнас жасаўды, әсиресе, өтмишти дәўир талабынан келип шыққан ҳалда қайта – объектив баҳалаўды талап етеди. Тоталитар дүзим дәўиринде миллий мақтаныш, миллий өзлик сезими аяқ асты етилген миллетлер, атап айтқанда, қарақалпақ халқының өз миллий мақтанышын тиклеў жолындағы умтылысларында да мине усы жағдай гүзетиледи. Бул процессте узақты гөзлеген бағдарларды белгилеп алыў, анығырағы, бир тәрептен, миллийлик шегарасында қалып кетпеў, екинши тәрептен абстракт глобалласыў саясына түсип қалмаў айрықша әҳмийетке ийе».[8]

Солай етип, көп әсирлик тарийхқа ийе болған қарақалпақ халқының бай мәденияты, миллий үрп-әдетлери, таўсылмас руўхый мийрасы ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ баспасөзинде өз көринисин тапты. Бул бағдардағы яғный тарийхый-мәдений мийрасларымызды тиклеў ҳәм тереңирек үйрениўге қаратылған кең көлемли мақалалар миллий баспасөзде үзликсиз жәриялана баслады.

Мәселен, «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2000 жыл 2-ноябрь күнги санында жәрияланған журналист Қ.Ерниязовтың Өзбекстан Қаҳарманы жазыўшы Төлепберген Қайыпбергенов пенен өткерген «Тарийхымызды тереңирек үйренейик» атлы сәўбети, сондай-ақ, академик А.Дәўлетовтың «Миллий мийрасларды қәдирлеў – алға илгерилеўимиздиң гиреўи»[9], Б.Утамбетов ҳәм Х.Дәўлетназаровлардың «Өзлигимизди аңлаў –

---

[8] Қалекеев Қ.Ж. Замонавий қорақалпоқ матбуотида тарихий шахслар фаолиятини ёритиш тамойиллари ва муаммолари. Филология фан. номз. …дисс. автореф. – Тошкент:ЎзМУ. 2009. – Б. 3.

[9] Дәўлетов А. Миллий мийрасларды қәдирлеў – алға илгерилеўимиздиң гиреўи. // Еркин Қарақалпақстан. 2000. 4-май.

Ўатан өтмишин қәстерлеўден басланады»[10] атлы мақалаларын айрықша атап өтиў орынлы.

Мәселен, Б.Утамбетов ҳәм Х.Дәўлетназаровлар «Өзлигимизди аңлаў – Ўатан өтмишин қәстерлеўден басланады» атлы мақаласында халқымыз тарийхын үйрениўдиң дурыс жолға қойылмағанлығы ҳаққындағы пикирлери менен жәмийетшиликке ой таслаўға ҳәрекет етип, төмендегидей пикирлерди билдиреди: «Ал, усы халық қәдирлеген әзийз инсанларға ҳүрметимиз, яғный өзлигимизге дыққатымыз қалай, кеўилдегидей ме? Ашшы болса да туўрысынан келмесек уллы бабалар руўхларына қылаплық еткен болып табыламыз. Себеби, биз уллы бабаларымыз Бердақ, Әжинияз, Ерназар Алакөз ҳәм тағы басқа да тулғалардай және кимлердиң ҳәм Төрткүл, Хожели, Шымбай сыяқлы қалалардан өзге қайсы әййемги тарийхый қалалардың адамзат цивилизацисына қосқан үлеслерин белгилеп әзийзледик, яки өткердик? Коммунистлик идеология үстемлик етип турған дәўирлер жәмийетлик пәнлердиң ҳәдден тыс сиясийласып кетиўине байланыслы тарийхшы, философ ҳәм филолог алымларымыз көпшилик шахслардың тарийхымыздағы, жәмийетлик, еркин ой-пикирлиликтеги орынларын анық көрсетип бере алмады. Енди ше? Ғәрезсизликке еристик, миллийлигимизди, өзлигимизди тиклеўге ҳәм тарийхый, руўхый мийрасларымызды билиўге енди ким иркиниш етип атыр?»[11] - деп аудиторияға бир неше сораўлар менен мүрәжет етеди. Тарийхый ҳәм руўхый мыйрасларымызды үйрениў, оны қәстерлеп келешек әўладқа жеткизиў, миллийлигимизди еледе улығлаў мәселелерине айтарлықтай итибар берилмей атырғанлығынан проблематикалық сораўлар тийкарында аудиторияға ой салады.

Журналист Қ.Ерниязовтың Өзбекстан Қаҳарманы, жазыўшы Төлепберген Қайыпбергенов пенен өткерген «Тарийхымызды тереңирек

[10] Утамбетов Б., Дәўлетназаров Х. Өзлигимизди аңлаў – Ўатан өтмишин қәстерлеўден басланады. // Еркин Қарақалпақстан. 2000. 23-сентябрь.

[11] Утамбетов Б., Дәўлетназаров Х. Өзлигимизди аңлаў – Ўатан өтмишин қәстерлеўден басланады. // Еркин Қарақалпақстан. 2000. 23-сентябрь.

үйренейик» атлы сәўбетинде болса, тарийхый-мәдений мийрасларымызды тереңирек үйрениў бүгинги күндеги ең әҳмийетли мәселелерден бири екенлиги ҳаққында баҳалы пикирлер билдирилген.

Сондай-ақ, халқымыздың бай аўызеки әдебиятының үлгиси болған дәстанларымыз, қарақалпақ қобызы ҳәм жыраўшылық, бақсышылық мектеплери, қарақалпақ қол өнери ҳәм басқа да мәдений мийрасларымыз, оларды қайта тиклеў, изертлеў ҳәм бүгинги әўладларға жеткерип бериў бағдарында әмелге асырылып атырған ислер баспасөзде өз көринисин таппақта.

Мәселен, белгили илимпаз, филология илимлериниң докторы, профессор С.Баҳадырованың «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2001 жыл 4-сентябрь күнги санында жәрияланған «Халқымыздың бийбаҳа мийрасының бири» атлы мақаласын алып қарайық. Автор мақалада халқымыздың руўхый, миллий дәстүрин, халық дөретпелериниң маржанларын өзинде жәмлеген алтын мийрасымыздың бири, қарақалпақ халық дәстаны «Едиге» ҳаққында, оның изертлениў тарийхы, версиялары ҳәмде ғәрезсизлик дәўирине келип оның қайта тиклениўи ҳаққында сөз ете отырып былай дейди: ««Едиге» дәстаны қарақалпақ жыраўларының барлығының репертуарында болған. Бул дәстанды және жыраўлардың жыраўы ғана атқара алған. «Едиге» дәстаны жыраўлардың айтыўынша көлеми бойынша ең көлемли дәстан, себеби ол он-он еки күнге шекем атқарылып, халық жалықпастан тыңлаған. Усы еки ҳәптеге жақын жырланатуғын вариантлары ўақтында жазып алынбай қалды. Деген менен, дәстанды жазып алыўда бизиң илимпазларымыз үлкен хызмет етти. Және дәстанның тәғдири басқа дәстанларға ҳеш уқсамайды, бул репрессияға ушыраған, коммунистлер партиясы қадаған етип, темир тор ишине салынған дәстанлардың бири. 1944-жылы ВКП(б) тәрепинен «Едиге» дәстанына шығарылған қарар дәстанды жазып алыўға кесент келтирди, оны жырлаўшылар, жазып алыўшылар, изертлеўшилер қамалды, қадаған етилди.

Буннан соң халықтың бул мүлки ғәрезсизлик алған жылларға шекем дыққаттан шетте қалды. Ғәрезсизлик шарапаты менен дәстан қайтадан қолға алынды».[12]

С.Баҳадырованың «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2006 жыл 4-июль күнги санында жәрияланған «Қарақалпақ фольклорының 100 томлығы» атлы мақаласында болса аўызеки түрде қәлиплескен халқымыздың әййемги дәўирден бери жыйнап келген бай мәдениятының, ақыл-ой, философиясының жыйынтығы, бирнеше мың жыллық тарийхый, социаллық - жәмийетлик ўақыяларды өз ишине қамтыған миллий байлығымыз есапланған қарақалпақ фольклоры ҳәм оны халыққа жеткерип бериў мәселелери ҳаққында төмендегидей пикирлери билдиреди: «Биз өзимиздиң қолжазба фондымыздағы бар материалларды саралап, қарақалпақ фольклорының 100 томлығын баспаға таярлаў жумысын 1995-жыллардан басладық. Бизиң қолжазба фондымызда еле басылмаған «Алпамыс» дәстанының 5 варианты, «Едиге»ниң 7, «Қоблан»ның 6, «Ер Шора»ның 6, «Мәспатша»ның 3, «Шәрьяр»дың 5, «Гөруғлы»ның 5, «Юсуп-Ахмет»тиң 6, «Ғәрип ашық»тың 5 варианты ҳәм тағы басқалар бар. Улыўма 98 атамадағы бурын баспадан шықпаған дәстанлар вариантлары бар. Буған қосымша қосық, ертек, мифтиң 10 томға жақын нусқасы бар. Бул 100 томлықтың буннан алдыңғы баспалардан айырмашылығы биз дәстанларды вариантлары менен басыўды және музыкалық жақтан атқарылыўын бериўди көзде тутамыз. Бизиң музыкалық фондымызда қарақалпақ жыраў-бақсыларынан жазып алынған 20 ға жақын дәстанлар бар. Биз халқымызға өзиниң миллий байлығын толық жеткизиў ушын бул дәстанлардың текстин музыкалық атқарылыўы менен бирге лазер дискисинде халыққа бериўимиз керек. Музыкалық жақтан атқарылыўы менен бирге халық дәстанды алса, ҳақыйқатында да биз неше әсирлер бойы жыйналып келинген миллий байлығымызды халыққа толық жеткизген боламыз. Халық байлығы бизге қалай жетсе, сол турысында

[12] Баҳадырова С. Халқымыздың бийбаҳа мийрасының бири. Еркин Қарақалпақстан.// 2001. 4-сентябрь

сақлаўымыз, және оны кең журтшылықтың пайдаланыўына усыныўымыз керек».[13]

Ғәрезсизлик дәўири тарийх илими алдына қарақалпақ мәмлекетлиги тарийхы XIX әсирден басланады деген сыяқлы пикирлердиң надурыс екенлигин дәлийллеў, халқымыздың этникалық жақтан келип шығыў тарийхын тереңирек ҳәм объективлилик көз-қарастан үйрениў мәселесин қойды. Халқымыздың келип шығыў, халық болып қәлиплесиў ҳәм өз мәмлекетлигин дүзиў тарийхы ҳаққында қунлы мағлыўматлар бериўши мақалалар тарийхшы илимпаз ҳәм журналистлер тәрепинен баспасөзде үзликсиз жәриялана баслады. Мәселен, «Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәрияланған академик Ж.Базарбаев ҳәм тарийх илимлериниң кандидаты Р.Базарбаевтың «Қарақалпақлардың келип шығыўы ҳаққында бирер сөз»[14] атлы мақаласын алып қарайық. Мақалада тийкарынан қытай жылнамаларын үйрениў арқалы б.э.ш. VIII-V әсирлерде Қытайдың арқа ҳәм батыс тәреплеринде «Ди» деп аталған халықлардың жасағанлығы, б.э. IV әсирлерден баслап олар өзлерин «түрк» деп атай баслағанлығы ҳәм Қытай елатларынан баслап әййемги Римге дейинги аралықта жайласқан 44 қәўимнен ибарат түрк қәўиминиң ишинде Монголия аймағындағы Туро (Тули) дәрьясының жағаларында турмыс кеширген «бөрикли» яғный «фуфуло» қәўимлериниң болғанлығы, түрк қәўимлериниң ишиндеги сол «бөрикли» деген қәўим қарақалпақлардың түп негизи болыўы мүмкинлиги ҳәмде «бөрикли» сөзиниң түрк тилинде де бас кийим яғный «қалпақ» сөзиниң синоними екенлиги ҳаққындағы мағлыўматлар берилген.

Сондай-ақ, авторлар мақала барысында қарақалпақ атамасының келип шығыўы ҳаққында да пикир жүрите отырып, қарақалпақлардың этногенезин изертлеген тарийхшылардың барлығы тек «бөрикли» сөзине итибар берип, «қара» сөзин тек «черный» ямаса қалпақтың түси деп есаплап

---

[13] Баҳадырова С. Қарақалпақ фольклорының 100 томлығы. // Еркин Қарақалпақстан. 2006. 4-июль.
[14] Базарбаев Ж., Базарбаев Р. Қарақалпақлардың келип шығыўы ҳаққында бирер сөз. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 9-ноябрь.

жаңылысқанлығын, қарақалпақ тилинде «қара» сөзи тек түр-түске айтылып қоймастан көбинесе уллы, үлкен, күшли, көп, ғайратлы деген мәнилерде де қолланылатуғынлығын, «қара» сөзиниң әйтеўир сөз емес, мәнисли сөз яғный атақ екенлигин, оның тарийхтың XI әсирге дейинги дәўирлериниң биринде бул атақ күшлилигине, ғайратлылығына, көплигине, ҳәттеки уллылығына байланыслы «бөрикли»лерге берилгенлиги ҳәм «бөрикли» менен «қалпақ» сөзлериниң өз-ара синоним сөзлер екенлигин есапқа ала отырып, «қалпақ» этнониминиң тийкарында «қара» сөзиниң мәнисиндеги қарақалпақлардың этногенезин тереңирек изертлеў мүмкин деген пикирлерди билдирген.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасында Ж.Базарбаев ҳәм Р.Базарбаевлардың авторлығында жәрияланған «Афучжило – бөриклилердиң биринши ханы, Қаңлы бирлеспесиниң тийкарын салыўшы»[15] атлы мақаланы жоқарыда анализ етилген мақаланың даўамы сыпатында алып қарасақ болады. Мақалада бөриклилердиң биринши ханы Афучжило ҳаққында сөз етилген. Оның жуўмағында авторлар бөриклилердиң қаңлы бирлеспесинде болып, печененглер менен қосылып өмир сүргенлиги қарақалпақлардың этногенезиниң тийкары деген илимий жаңалықлардың бетин ашқанлығы ҳәм академик С.Камаловтың «Печенеглердиң пайда болыўы қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўиниң екинши этапы болып есапланады ҳәм печенег деген сөзди қарақалпақлардың екинши аты деўге болады» деген пикирлерине дәлийл болғандай тарийхый материал берип, қарақалпақлардың келип шығыўына, тарийхтағы орнына айтарлықтай айқынлық береди деп көрсетеди.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириў мәселелерин изертлегенимизде айта кететуғын және бир характерли нәрсе, ғәресизликке ерискеннен соң өтмиште жасап өткен уллы данышпанларымыз, ой-пикир ийелери болған бабаларымыздың ибратлы

[15] Базарбаев Ж., Базарбаев Р. Афучжило – бөриклилердиң биринши ханы, Қаңлы бирлеспесиниң тийкарын салыўшы. // Еркин Қарақалпақстан. 2003. 14-январь.

өмири, илим, пән, мәденийят, әдебияттың раўажланыўына қосқан үлеси, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткерлер ҳәмде олардың ел-халық алдындағы хызметлери баҳаланып, олар ҳаққындағы ҳақыйқатлық қайта тикленди.

Бул ҳаққында филология илимлериниң кандидаты Қ.Қалекеев былайынша жазады: «Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый тулғалардың өмири, хызмети ҳәм образларын жәмийетшилик алдында тиклеў аңсат кешетуғын процесс емес. Авторлар ҳақыйқатты тиклеў мақсетинде өз-ара бәсекилеседи, бир-бирин бийкарлайды. Бундай бәсекилер, өз нәўбетинде, жәмийетшилик пикирин қәлиплестириўде жүдә үлкен әҳмийетке ийе».[16]

Бул бағдардағы материаллар да күнделикли баспасөзде үзликсиз түрде жәрияланып келинбекте. Мәселен, «Қарақалпақстан жаслары» газетасының 2006 жыл 24-август күнги санында «Уллы тулғалар ҳаққында» рубрикасы астында жәрияланған филология илимлериниң докторы, профессор Әбдисайыт Пахратдиновтың «Бердақ шайыр ҳаққында дереклер» атлы мақаласын алып қарайық. Автор мақалада Бердақ шайыр мийрасын үйрениў бағдарында әмелге асырылған ислер, бул бойынша турақлы изертлеўлер алып барған илимпазлар ҳәмде Бердақ Ғарғабай улының өмири ҳәм әўладлар ҳаққындағы жаңа мағлыўматлардың анықланғанлығы ҳаққында айта отырып былай дейди: «… Бердақтың шаўлықлары Өтесин Мәмбетназар улы да, Сейтназар да, Қаражан бақсы да, Үббиниязда ҳәм тағы басқа ул-қызлары Бердақ бабамыз 1827-жылы Қаўыс айының екинши ҳәптесиниң ортасында, яғный ноябрьдиң 9-күни туўылғанлығын, ал оның 1900-жылы 11-декабрьде өлгенлигин тастыйықлайды. Бул сәнелерди анықлаўда елде әпсаналар бар. …Және бир мәселе: Бердақтың әкеси Ғарғабай деген адам болған. Ол Қарғабай болмаған. Ҳәр қандай адам исми жаңа туўылған балаға жақсылық тилеп қойылады, Ғарға деген ески түркий тилде «дәўлет», «несийбе»,

[16] Қалекеев Қ.Ж. Замонавий қорақалпоқ матбуотида тарихий шахслар фаолиятини ёритиш тамойиллари ва муаммолари. Филология фан. номз. …дисс. автореф. – Тошкент: ЎзМУ. 2009. – Б. 11.

«бахыт», «байлық» дегенди аңлатады. Бизиң халықта келешек несийбесинен адам дәме етип «бизиң қолымызға да ғарға тышар» деп айтады. Демек, Ғарғабай деген де дәўлетли, несийбели, бай болсын деп тилек тилеп қойылған ат. Усындай жағдайларға қарамастан, ҳәтте арнаўлы ҳүжжетлерде де еле Қарғабай деген даўам етилип киятыр.

Гейпара адамлар Бердақ шайырдың көп қосықларын баспасөзде ҳеш дәлилсиз мынаў Бердақтики, мынаў Бердақтики емес дейди. Соның ушын ҳәр қандай миллий мийрасты баспаға таярлаўда, ол ҳаққында қәнигелердиң пикирлерин есапқа алыў ақылға муўапық болар еди деп ойлаймыз».[17]

Мине усындай тарийхый тулғалар ҳаққында яғный Хожели қаласында төрт ири хожаның әўладлары болған Пир ийшан, Шахсум ийшан, Турсын ийшан ҳәм Гадай ийшанлардың жасап өткенлиги, дереклерде олардан тек ғана Пир ийшан исминиң ушырасатуғынлығы ҳәмде шежирелерде бул адамның түп бабасы Қари Алаў баба екенлиги, ал Қари Алаў бабаның гейде Хожа Ахмед Яссаўийдиң ямаса Баҳаўаддин Нақшбандийдиң, ал гейде ҳәзирети Әлийдиң әўлады екенлиги туўралы пикирлердиң бар екенлиги ҳәм Қари Алаў бабаның ким екенлиги ҳаққында мағлыўматлар бериўши Ҳайитбой Абдусодиқтың авторлығында «Қорақалпоғистон тонги» газетасында «Қари Алаў баба»[18] атлы көлемли мақала жәрияланған. Мақала авторы халық аўзындағы әпсана ҳәм рәўаятларға, сондай-ақ, шайыр ҳәм тарийхшы Мунистиң, академик Б.Аҳмедовтың «Тарийхтан сабақлар» (Тошкент «Ўқитувчи» 1994 й) ҳәмде Абулғазы Баҳадырханның «Шажарайи турк» шығармаларына тийкарланып Қари Алаў бабаның Хийўа ханы Асфандиярханның сарайында хызмет еткен Алаў Хожа пир екенлигин дәлийлеп, оның Гөне Үргениш қаласына жерленгенлиги, оның ҳеш қандай зыянсыз оттан өте алыў кәраматына ийе теберик әўлие болғанлығы ҳәм

[17] Пахратдинов Ә. Бердақ шайыр ҳаққында дереклер. // Еркин Қарақалпақстан. 2006. 24-август.
[18] Абдусодиқ Ҳ. Қари Олов бобо. // Қорақалпоғистон тонги. 2010. 19-26 август.

ҳәзирги ўақытта Хожели қаласында оның ең генже он бесинши әўладларының жасап атырғанлығы ҳаққында мағлыўматлар берген.

Тоталитар дүзим сиясатының қурбаны болып жазықсыз жазаланған ел азаматлары, олардың халық ушын ислеген ийгиликли ислери ҳәмде кейинги тәғдири ҳаққында бизге жаңадан-жаңа мағлыўматлар бериўши материаллар профессор Ш.Бабашевтың авторлығында турақлы түрде баспасөзде жәрияланып келинбекте. Мине усындай материалдың бири «Қарақалпақстан жаслары» газетасында «Ески дүзимниң ашшы демлери» рубрикасы астында жәрияланған «Дарға асылған азатлық гүреси қурбанлары»[19] атлы мақала болып есапланады. Онда мине усы ўақыялардан хабардар информаторлар ҳәм архив ҳүжжетлерине сүйене отырып, 1916-жылдың басында Патша Россиясы менен Хийўа ханлығына қарсы Хожели беги Әўезжанбек басшылығында халық азатлық гүреси болғанлығы, оның себеплери ҳәм орыс патшасы жазалаў бөлиминиң баслығы, генерал А.С.Галкин ҳәм Хийўа ханы Асфандияр тәрепинен көтерилис басшылары ретинде он бир адамның Хожели қаласында дарға асылғанлығы, олардың арасында Хожели беги Әўезжанбектиң де бар екенлиги ҳәм басқа да көтерилис жетекшилери ҳаққында сөз етилген.

Бүгинги күнде мәмлекетимиз аймағында улыўма жәҳән мийрасының таптырмас үлгиси сыпатында ЮНЕСКО ның дизимине киргизилген төрт мыңнан зыят материаллық руўхый естеликлердиң барлығы бизиң үлкемиздиң жәҳән цивилизациясы бесиклериниң бири болғанлығынан дерек береди. Олардың тарийхын изертлеў ҳәм тарийхый-мәдений мийрас объектлерин көз-қарашығындай сақлаў ислерин халқымыз арасында кең түрде үгит-нәсиятлаўда баспасөздиң орны жудә әҳмийетли болып табылады.

Президентимиз И.А.Каримовтың айрықша атап көрсеткениндей, «ҳәзирги күнде мәмлекетимиз аймағында улыўма дүньяжүзлик мийрастың бийбаҳа үлгиси сыпатында ЮНЕСКО ның дизимине киргизилген төрт

[19] Бабашев Ш. Дарға асылған азатлық гүрес қурбанлары. // Қарақалпақстан жаслары. 2009. 18-июнь.

мыңнан артық материаллық-мәнаўий естеликлер бар. Мине усындай бай мәнаўий мийрасымыздың мәниси ҳәм әҳмийетин жасларымыз санасына терең сиңдириў баспасөзимиздиң әҳмийетли ўазыйпасы бири болып есапланады».[20]

Мәмлекетимизде тарийхый-мәдений мийрасларымызды көз қарашығындай сақлаў, тарийхый мийрас объектлерин изертлеў ҳәм олардың дүньяжүзлик цивилизациясында тутқан орны ҳәм әҳмийетин белгилеў бойынша бир қатар ислер әмелге асырылмақта. Және бир әҳмийетли тәрепи, мәмлекетимизде бул тараўға тийисли нызмашылық системасы ислеп шығылып, турақлы түрде жетилистирилип барылмақта.

Мәселен, 2001-жыл 30-августта қабыл етилген (2004-жыл 30-апрель, 2005-жыл 15-сентябрь ҳәм 2009-жыл 9-октябрьде өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилген) «Мәдений мийрас объектлерин қорғаў ҳәм олардан пайдаланыў ҳаққында»ғы Өзбекстан Республикасының Нызамы, Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен 2002-жыл 29-июль күни қабыл етилген (2004-жыл 9-сентябрьдеги №272-санлы ҳәм 2005-жыл 6-июлдағы №156-санлы Қарарлары менен өзгерис ҳәм қосымшалар киргизилген) «Мәдений мийрас объектлерин қорғаў ҳәм олардан пайдаланыўды және жетилистириў ис-иләжлары ҳаққында»ғы Қарары ҳәмде Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети тәрепинен 2010-жыл 7-октябрде қабыл етилген «2010-2020 жылларда Материаллық емес мийрас объектлерин қорғаў, сақлаў, үгит нәсиятлаў ҳәм олардан пайдаланыўдың мәмлекетлик бағдарламасын тастыйықлаў ҳаққында»ғы №222-санлы Қарары ҳәм 2010-2020 жылларда Материаллық емес мийрас объектлерин қорғаў, сақлаў, үгит нәсиятлаў ҳәм олардан пайдаланыўдың мәмлекетлик бағдарламасы»ның қабыл етилиўи жоқарыдығы пикирлеримиздиң дәлили болып есапланады.

[20] Каримов И.А. Энг асосий мезон – ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш. – Тошкент: Ўзбекистон. 2009. – Б. 21.

Сондай-ақ, 2010-жыл 22-майда «Археологиялық мийрас объектлерин қорғаў ҳәм олардан пайдаланыў ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамы қабыл етилди.

Қарақалпақстан Республикасы да тарийхый естеликлерге бай үлкелерден бири болып есапланады. Республикамыздың дерлик барлық қала ҳәм районларында ески қорған ҳәм әййемги қалалардың қалдықлары бар.

Өзбекстан Илимлер Академиясының Қарақалпақстан бөлими Тарийх, археология ҳәм этнография инситутының алымлары 1995-жылдан баслап Австралияның Сидней университети илимпазлары ҳәм Франция археологлары менен бирге изертлеў жумуысларын алып барып, Түслик Арал бойларындағы әййемги цивилизацияның ири орайларын табыўға еристи. 2000-жылдың октябрь айында Елликқала районының орайы Бостан қаласында «Әййемги Хорезм цивилизациясы жәҳән мәденияты контекстинде» атлы халықаралық симпозиумда, «Әййемги Ташқырман оазиси археологиясы» атлы көшпели семинари ҳәм 2007-жылы С.П.Толстовтың 100 жыллығына бағышлап «Аралбойы мәдениятлар кесиспесинде» атлы халықаралық конференцияларда Түслик Арал бойы ең әййемги цивилизация ошақларының бири екенлиги жәнe бир рет өз тастыйықлаўын тапты. Булардың барлығы улыўмамиллий байлығымыз есапланған тарийхый қала ҳәм ансабллер, естеликлер, материаллық ҳәм материаллық емес мәдений мийрас объектлерин қорғаў, олардан пайдаланыўды дурыс жолға қойыў ҳәм келешек әўладларға сол ҳалында жеткерип бериў бағдарында исленип атырған жумыслардың әмелий көриниси болып есапланады.

Қарақалпақстан баспасөзинде бул бағдардағы материаллар да турақлы түрде жәрияланып келинбекте. Мәселен, «Еркин Қарақалпақстан» газетасында «XXI әсир археологиясы жаңалықлары» рубрикасында илимпазлар М.Мамбетуллаев, Б.Шамамбетов, Ж.Турманов ҳәм О.Юсуповлардың авторлығында жәрияланған «Әййемги Окс (Жайҳун,

Әмиўдәрья) ултанында «Шылпық қаласы» табылды» атлы мақаланы алып қарайық. Мақалада Қарақалпақстан Республикасының мәмлекетлик нышаны – гербтеги үлкемиздеги бирден-бир әжайып, муқаддес орын – Шылпық естелиги, бул жерден табылған буйымлар ҳәм оның тарийхы жөнинде пикирлер билдирилип былайынша сөз етиледи: «Әмиўдәрья суўының соңғы еки жылдан бери кескин азайыўына байланыслы дәрья ултанында қумлар көшип, мың жыллар бойы қум астында қалған мийраслар – хумлар ашылып қалды. Әмиўдәрьяның бойында үш-төрт орында үлкен хум ыдыслар бары анықланды. Нәтийжеде соңғы антик дәўирине тийисли мәкан жай табылды. Бул Окс дәрья ултанындағы суў басқан белгисиз елатқа «Шылпық қала» деген атама қоямыз, бул Қарақалпақстан археологиясының жаңа естелиги болады. Әмиўдәрья дегиши алған «Шылпық қала» естелиги дәрьяның оң тәрепинде «Астрахан» суў насос станциясы жанындағы атаўда жайласқан. Дәрьяның ортасында Қумбасқан атаўы бар. Узынлығы 200-250, ени 2-3,5 метр көлемдеги естелик үстинен хум, гүзе, горшок сынықлары менен бирге мал сүйеги, көмир қалдықлары, шеге қум менен араласқан тольк тас сынықлары ушырасады. Археолог М.Мамбетуллаев дәрья ултанынан табылған гүзе ыдыслар ҳәм керамикаларды тексерип б.э.ш I әсир – б.э.IV әсирлерден баслап VIII-XI әсирлерге тийисли материаллық мийраслар сақланған деген илимий анықлама берди. Әййемги орта әсирдеги Жайҳун дәрья ултанындағы шамалап ат қойған «Шылпық қала» елатының мийрасларын изертлеў ушын комплексли суў асты археологиясы зәрүр. Әмиўдәрья, Қыпшақ, елаттан баслап еки тармақта ағып келеди. Шылпық төбеден өткеннен соң аталар әңгимесинде Көк дәрья ҳәм Әмиўдәрья болып екиге бөлинеди өткен әсирлердеги тарийхый әскерий топографиялық карталарда Әмиўдәрья Шылпық төбеден кейин еки тармаққа бөлинип, ортада Қумбасқан атаў қалдырып, Нөкиске 20 шақырымда дәрья және биригеди. Бизиң шамалаўымызша, Шылпық төбе аймағында Антик дәўирге тийисли аты белгисиз из қаланы Әмиўдәрья суўы басқаны мәлим. Және, Мискин

таўдың арқа-шығыс тәрепинде, дәрья астында зороастризм динине тийисли қәбирстан болған. Әмиўдәрьяның Мискин тәрепинде жети-сегиз орында үлкен хумлар ашылған, сол хумларда Антик дәўирге тийисли антропологиялық сүйеклер бары мәлим болды. Келешекте Әмиўдәрья ултанында суў асты археологиялық шет еллик алым-қәнигелер менен изертлеў жумыслары зәрүр. Үлкен хум ишине ылайдан күйдирилип исленген ҳаял ҳәйкели (буд сәнеми) ҳәм қызыл бояўлы, алмурт формалы гүзеше табылды».[21]

Сондай-ақ, мақалада археологиялық изертлеўлер барысында табылған материаллардан антик дәўирде Қубла Арал бойы халықлары арасында зороастризм, буддизм ҳәм көк тәңирге сыйыныўшылықтың кең таралғанлығы, ҳәр қыйлы дин, үрп-әдет ҳәм мәдениятлардың араласып кеткенлиги, буннан 2000 жыл бурын Әмиўдәрья ҳәзирги орнынан қублароқта аққанлығы, б.э II-IV әсирлеринде ҳәм орта әсирлерде, ҳәзирги Бердақ хожалығы, «Назархан» елаты аймағында адамлар мәкан басып, дийқаншылық, шарўашылық, саўда, өнерментшилик пенен шуғылланғанлығы ҳәмде геоэкологиялық жағдайға байланыслы, және жерлерди өзлестириў нәтийжесинде бизиң дәўиримизге шекем сақланып жетпеген, сақланғанларын еспе қумлар басып, дәрья дегиши алып бузғанлығы хаққындағы мағлыўматлар берилген.

Қарақалпақстан аймағындағы ерте орта әсирдеги 92 тармақлы қәўимлер ҳәм халықлардың материаллық ҳәм руўхый мәдениятын изертлеў мақсетинде алып барылған археологиялық изертлеўлердиң нәтийжелери профессор М.Мамбетуллаев ҳәм тарийхшы О.Юсуповлардың авторлығында «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2002 жыл 24-декабрь күнги санында «Қубла Арал бойы халықларының этногенези ҳәм этникалық тарийхы жөнинде» атлы мақалада өз көринисин тапқан. Мақалада тийкарынан VI-VII

[21] Мамбетуллаев М, Шамамбетов Б, Турманов Ж, Юсупов О. Әййемги Окс (Жайҳун, Әмиўдәрья) ултанында «Шылпық қаласы» табылды. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 25-июнь.

әсирлерде ерте түрк қәўимлериниң Сырдәрьяны бойлап Жаңадәрья, Қуўандәрья, Әмиў дельта алабына, соның ишинде Қусхана таў микрооазисине миграциясы (көшип қоныс басыўы) нәтийжесинде олар жергиликли қәўимлер менен араласып, жаңа этномәденият пайда еткенлиги ҳаққында сөз етиледи. Мәселен: «…Демек, Арал бойларына ең қәдимги түрк этнослары бронза әсиринен баслап араласады. Усы дәўирде Жайық-Едил бойларында, Қазақстан далаларында, Алтай, Қубла Сибирь жерлеринде жасаған көшпелилер археология илиминде «андронов» типиндеги қәўимлер, Қубла Арал бойына көшип келип, жергиликли халықлар менен араласып «Тазабағжап мәдениятын» пайда етеди. «Андронов» қәўимлери Арал бойларына араласқан ерте түрк қәўимлердиң биринши топарлары еди…

Екинши рет ерте түркийлердиң араласыў толқыны б.э.ш VI-III әсирлерге туўра келеди. Усы дәўирде Сырдәрья жағаларындағы «Жети асар мәдениятын» пайда еткен этнослар да ерте түркий қәўимлерине жатады. Б.э.ш. IV-II әсирлеринде Арал бойларына сармат қәўимлериниң миграциясы басланады. Олардың бир топары Хорезм қалаларына араласып отырып қалады. Ал, үлкен бир топары Үстирт кеңислигинде жасап, шарўашылық пенен турмыс кеширеди.

II-IV әсирлерде Арал бойына Гуни-хунлардың миграциясы басланады. Гуни-хунн этнослар Арал бойы халықларының этникалық тарийхында әдеўир из қалдырады.

VI-VIII әсирлерде түрклер Орта Азияға кеңнен араласа баслайды. Шашта, Согдианада, Уструшанада сиясий ҳәкимлик соларға өтеди. Түрк қәўимлери өз теңгелерин басып шығарады, түркше жазыў кең таралады. Ерте орта әсирде Жетисуў, Шаш, Арқа Тохарстан ҳәм Арал бойларында түрклерге тән болған тастан исленген скульптуралар Арал бойындағы Қырыққыз, Шахсәнем, Күйик қалалардан табылды. VI әсирдиң ақырынан баслап Әмиўдәрья дельта алабына бурынғы сак қәўимлердиң әўладлары болған ерте түрк этнослары Жетисуў, Алтай, Тува, Қаратаў, Сырдәрья бойларына

араласады. Арал бойларындағы кеңислик жерлерди әййемги түркийлер Курдан (Кардар, Кердер) деп атаған. Усы аралықта миграция болып келген түркий қәўимлери, «он оқ түркий» халқы ямаса «көктүрк»лер жергиликли Қубла Арал бойы халықлары менен араласып өзлерине тән мәдениятын дүзеди. Бул мәдeният тарийхый, илимий әдебияларда «Кердер мәденияты» деп қабыл қылынғын. Қарақалпақлардың ерте орта әсирдеги бабалары – Kerder ўәлаяты халқы болған.

НМПИ тарийх-хуқықтаныў факультети тарийхшы студентлрининң жигерли қатнасыўы менен Күйик қаладан 62 қәбир ашылды. Бундай түркий қәўимлердиң қәбирлери илимий әдебиятларда «курганлар» деп қабыл қылынған. Түркий халықлардың курганлары Алтайдан баслап Днепр дәрьясы аралығында ушырасады. Күйик қалада қазылып үйренилген қәбирлерди биз ерте түрк тиллеринде аталғандай «Оба» деп атадық».[22] Мақалада авторлар Арал бойында VI-XII әсирлерде еки халық: хорезмлилер (шығыс иран тилинде сөйлеўшилер) бир дәрьядан суў ишип, бир жерде туўысқанлардай болып татыўлықта жасағанлығы, олардың «Авесто»ға, зардуштийлик, Көк аспанға, Тәңири Куяшқа, Умай анаға, сондай-ақ, Кердерлилердиң будда, моний, христиан, қам (шаман), тотем ҳәм тағы да басқа динлерге сыйынғанлығы, бир-бири менен тығыз этномәдений, этносиясий ҳәм этногенетикалық байланыс жасағанлығы, Кердер түркийлер ҳәм хорезмлилер өзбек ҳәм қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўинде ҳәм мәмлекетлигин пайда етиўде тийкарғы компонент болғанлығы сыяқлы үлкемиз тарийхына тийисли баҳалы мағлыўматларды береди.

Бүгинги күнде Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы археологиялық естеликлер ҳәм оларды изертлеў барысында табылған материаллық буйымлар халқымыз тарийхы, олардың этникалық жақтан келип шығыўы, өтмиштеги турмыс тәризи ҳәм мәденияты ҳаққында жаңа

---

[22] Мамбетуллаев М, Юсупов О. Қубла Арал бойы халықларының этногенези ҳәм этникалық тарийхы жөнинде. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 24-декабрь.

мағлыўматларды кең жәмийетшиликке жеткизиўде баспасөз функциялары үлкен әҳмийетке ийе. Мәселен, усындай изертлеўлердиң нәтийжелери «Қарақалпақстан жаслары» газетасында да жәрияланып келинбекте. «Қарақалпақстан жаслары» газетасының 2002-жыл 3-октябрь күнги санында «Пайтахтымыздың 70 жыллығы алдынан» рубрикасы астында тарийхшы О.Юсуповтың «Нөкис қаласы, оның өтмиши қандай болған?» ҳәм усы газетаның 2002-жыл 17-октябрь күнги санында «Пайтахтымыз Нөкис қаласының қәлиплесиўи қандай болған?» атлы Нөкис қаласының тарийхы ҳаққында қунлы мағлыўматлар бериўши бир неше мақалалар жәрияланған.

Бул мақалаларда Нөкис каласының әййемги тарийхы, 1918-1919-жыллардағы Нөкис «Автономиясы», 1919-1939, 1939-1945, 1946-1990-жыллардағы Нөкис қаласы тарийхы ҳаққындағы материаллар берилген. Мәселен, Нөкис қаласының пайтахт болып қәлиплесиў тарийхы ҳаққында төмендегише мағлыўматлар берилген: «1932-жылы 1-апрелде Пүткил Россиялық ОАК (ВЦИК) президиумы қарары менен «Нөкис-пайтахт» сыпатында тән алынды, тастыйықланды. ВЦИК президумының мәжлиси: (протоколь №47.1932-жыл, 1-апрель) «ҚҚАСР пайтахты ҳаққында қарар» Нөкис қаласының пайтахт сыпатында қәлиплесиўине, жаңа ири санаат қурылыслары, мәмлекетлик, пуқаралық, мәдений, хожалық салалардағы зәрүрли затларды имаратларды қурыўға мүмкиншилик берди. Нөкис қаласын пайтахт сыпатында тез қурыў, районластырыў, планластырыў, архитектуралық көринис бериўге қәнигелерди тартты».[23]

Сондай-ақ, газетада тек тарийхшы илимпазлардың ғана емес ал, журналистлердиң ҳәмде студент жаслардың да мақалалары жәрияланып келинбекте. Мәселен, «Үлкемиз тарийхынан» рубрикасы астында жәрияланған журналист С.Әжимовтың «Қоңырат қаласының жасы

[23] Юсупов О. Пайтахтымыз Нөкис қаласының қәлиплесиўи қандай болған? // Қарақалпақстан жаслары. 2002. 17-октябрь.

нешеде?»[24] атлы мақаласында Қоңырат қаласындағы «Бograхан» қаласында археологиялық изертлеўлердиң жүргизилиўи нәтийжесинде қаланың Қараханийлер дәўирине тийисли екенлиги, сол дәўирлерде хан болған Богpаханның аты менен аталған болыўы мүмкинлиги, қала территориясында халық турақлы түрде VIII-IX әсирлерде жасағанлығы, отырықшы турмыс кеширип, қала дәрежесине X әсирде көтерилгенлиги, ал XI-XII әсирлерге келип бул қала үлкен ўәлаяттың пайтахты сыпатында қәлиплескенлиги ҳаққында сөз етилген.

Республикамыздағы тарийхый орынлардың тарийхы ҳаққындағы мақалалар «Қорақалпоғистон тонги» (бурынғы «Аму тонги») газетасында да жәрияланып барылмақта. Мәселен, «Тарийх ҳәм мәнаўият» рубрикасы астында Ў.Қаландаровтың «Ақшаханқала», «Өтмиштен сазалар» рубрикасы менен Қ.Шониёзовтың «Ақшаханқаланың ҳақыйқый аты қандай болған?» атлы мақалалары жәрияланған. Ў.Қаландаров өзиниң «Ақшаханқала» атлы мақаласында қала тарийхы ҳаққында төмендегидей пикирлерди билдиреди: «Қарақалпақстанда өткен әсирдиң 30-жылларынан баслап археологиялық илимий изертлеў жумысларын алып барған академик Яҳё Ғуломов Гекетий Милетский айтқан әййемги пайтахт қаланы Беруний районы аймағынан излеў усынысын билдиреди. Профессор С.П.Толстов өзиниң 1937-жыллардан баслап алып барған археологиялық жумысларының дәслепки нәтийжелери тийкарында пайтахттың 305-жылда Топыраққаладан (ҳәзирги Елликқала районы) Фил қалаға (Беруний районы) көширилгени ҳаққында пикир билдиреди. Бирақ кейинги жыллардағы илимий излениcлер нәтийжесинде Топыраққаланың пайтахт емес, бәлким мәмлекеттиң диний мәресимлери өткерилетуғын орайы екенлиги анықланды. Пайтахт қаланы анықлаўда алдынғылардан басқаша жол тутылды, яғный шаҳ яки хан аты менен байланыслы болған естеликлерди излеў мақул көрилди ҳәм усы бағдардағы илимий-тарийхый дереклер менен рәўаят ҳәм әпсаналар салыстырылып

[24] Ажимов С. Қоңырат қаласының жасы нешеде? // Қарақалпақстан жаслары. 2000. 17-февраль.

үйренилди. Нәтийжеде ҳүкимдарлар аты менен байланыслы болған бирақ кейинги 60 жылда умытылып баратырған естеликлердиң ҳәзирги Беруний районы аймағында жайласқанлығы анықланды. Солардың бири районның «Азат» хожалығы аймағында жайласқан Ақшаханқала» болып есапланады».[25] Автор мақалада қала атамысының келип шығыўы, оны бириншилерден болып изертлеген археологлар, қаланың архитектуралық өзгешеликлери ҳәм ол жерден табылған буйымлар, қаланың өз дәўиринде Қубла Арал бойындағы ең раўажланған орай болғанлығы ҳәм Ахаманийлердиң жаўлап алыўшылығынан соң Ақшаханқаланың Хорезм мәмлекетиниң пайтахты болғанлығы, энциклопедист алым Абу Райхан Беруний берген мағлыўматларда 305-жылда Кат қаласында сарай қурдырған Афригшаҳ пайтахтты «Ақшаханқала»дан Кат (Қыят)қа көширгенгенлиги ҳаққындағы мағлыўматларды келтирип өтеди.

Сондай-ақ, Қ.Шониёзовтың «Ақшаханқаланың ҳақыйқый аты қандай болған?»[26] атлы мақаласы Ақшаханқала тарийхы ҳәм оның атамасы ҳаққында жаңа мағлыўматлар бере алғанлығы менен әҳмийетли. Мақалада автор Беруний районынан 20-30 километр арқа-шығыста жайласқан, Қарақалпақстан ҳәм Австралия археолог алымлары тәрепинен табылып, изертленип атырған әййемги қаланың Ақшаханқала яки «Қазақлы жатқан» атлары менен аталып келингенлиги, бул қаланың әййемги атамасы қандай болғанлығы ҳаққындағы мағлыўматлардың жоқлығы ҳәм жақында Шарафаддин Али Яздийдиң «Зафарнама» шығармасын оқып отырып «Ва қазийа-мунунг била қарор топиб, соҳибқирон қайтди ва Хос жилғасида тушконда буюрдиким…( Шарафаддин Али Яздийдиң «Зафарнама», 75-бет)» деген мағлыўматқа дус келгенлиги ҳәмде Әмир Темур Хорезмге қылған әскерий атланысы ўақтында еки рет Хос-Кос қаласында тоқтап, бир күн дем алғанлығы, әййемги тарийхый дереклерде Кат қаласы ҳаққында жазған

[25] Қаландаров Ў. Ақшаханқала. // Қорақалпоғистон тонги. 2007. 8-май.
[26] Шониёзов Қ. Ақшаханқаланың ҳақыйқый аты қандай болған?. // Аму тонги. 2008.27-март.

айырым тарийхшылар Кат қаласын Хос, Кос, ал Мансура, ал Фир, Хорезм сияқлы атамалар менен атағанлығы, бизиң пикиримизше, бул атамалар Кат қаласына тийисли болмай, бәлким оның әтирапындағы қалаларға тийисли екенлиги, Хорезмниң Кат қаласынан алдынғы әййемги пайтахты Хос, Кас, Дархос яғный ҳәзирги Ақшаханқала болғанлығы ҳәмде 2007-жылда қарақалпақстанлы ҳәм австралиялы археологлар ашқан сарай бөлими Ақшаханқаланың пайтахт екенлигин және бир рет тастыйықлағанлығы ҳаққындағы мағлыўматларды келтирип өтеди.

Бүгинги қарақалпақ баспасөзинде халқымыздың тарийхы ҳәм тарийхый-мәдений мийрасларымыз ҳаққында жәрияланып атырған мақалаларды анализлей отырып оларды тематикалық жақтан төмендегише классификациялаўымыз мүмкин:

1. Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы археологиялық мийрас объектлери, яғный тарийхый орынлар, әййемги қала, қорғанлар ҳәм олардың тарийхына тийисли материаллар. Бул бағдардағы мақалалар тийкарынан тарийхшы-археологлар тәрепинен жазылмақта.

2. Қарақалпақ халқының этногенезине ҳәм этникалық жақтан келип шығыў тарийхына тийисли мақалалар. Бул бағдардағы мақалалар тарийхшы, әдебиятшы илимпазлар авторлығында жәрияланбақта.

3. Тарийхый тулғалар ҳаққындағы журналистик-публицистик материаллар. Бул тематикадағы мақалалар публицист-журналистлер, тарийхшы, әдебиятшы илимпазлар ҳәм газета оқыўшылары тәрепинен жазылмақта.

4. Қарақалпақ халқының этнографиясы, үрп-әдет дәстүрлери ҳәм аўыз еки әдебияты ҳәм оның тарийхына тийисли мақалалар. Бул бағдардағы мақалалар тек ғана тарийхшы, әдебиятшы илимпазлар тәрепинен ғана емес, ал усы тараўға қызығыўшы зыялылар ҳәм кең жәмийетшилик ўәкиллери тәрепинен де жәрияланбақта.

Солай етип, Қарақалпақстан баспасөзи тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириў мәселесине үлкен итибар қаратқанлағын көремиз.

## 1.2.Тарийхый-мәдений мийрасларды жарытыўда публицистикалық шеберлик

Баспасөздиң өз функцияларын орынлаўы ҳәм жәмийетлик болмысты өзинде сәўлелендириўинде публицистика әҳмийетли роль ойнайды. Яғный баспасөз жәмийетлик турмысты сүўретлеў, анализ етиў ҳәм оған қайта тәсир етиўде публицистикадан кең түрде пайдаланады. Басқаша айтқанда, публицистика баспасөздиң тийкарғы мазмунын, оның ишки мәнисин, баспасөз материалларының тийкарын қурайды.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийраслар тематикасын сәўлелендириўде публицистикалық шеберлик мәселесин үйрениўден алдын публицистика ҳаққында қысқаша тоқталып өтемиз.

Публицистика латынша «publicus» сөзинен алынған болып, бизиңше «жәмийетлик», «жәмийетке тийисли» деген мәнилерди билдиреди. Бүгинги күнге шекем публицистика ҳаққында алымлар ортасында түрлише пикир ҳәм көз-қараслар бар. Айрым сөзликлерде ол жәмийетлик-сиясий мәселелерди сәўлелендириўши әдебият деп қаралса, айырым илимпазлар оны дөретиўшиликтиң бир түри сыпатында түсиндиреди. Бизиң пикиримизше, ҳәр еки тәрийипте де публицистиканың қәсийетлери өз көринисин тапқан. Сонлықтан да, бул түсиник ҳаққында төмендегише анықлама беремиз.

Публицистика бул – турмысты сүўретлеўдиң айрықша бир жолы, формасы, усылы ҳәм дөретиўшилик түри болып есапланады. Ол жәмийет турмысының сол ўақытта болып өткен ҳәм болып атырған жәмийетлик әҳмийетке ийе ўақыя, қубылыс ҳәм ҳәдийселерин өзинде сәўлелендириў арқалы аудиторияға жеткереди, дәўирдиң ең әҳмийетли мәселелерине мүнәсибет билдиреди, шешилиўи керек болған машқалаларды көтерип

шығады. Публицистика сол дәўирдиң ўақыя-ҳәдийселеринен адамларды хабардар етиў, сол күн ушын зәрүрли мәселе ҳәм машқалаларды анализлеў ҳәм олардың шешилиўи жолында жәмийетке тәсир етиў қуралы болып есапланады. Оның баслы ўазыйпасы – турмыста жүз берип атырған ўақыя-ҳәдийселер, мәселе ҳәм машқалалар жөнинде жәмийетлик пикирди қәлиплестириўден ибарат.

Публицистика ҳақыйқый мәнисте – айтылған гәп, жазылған текст, белгили бир көринистеги шығарма болып, ол баспасөз бетлерине көшкен, радио, телевидение, интернеттен орын алған жағдайда ғана идеялық-сиясий ҳәм мәнаўий күшке ийе болады ҳәм жәмийетшиликке жетип барады. Публицистикалық руўх, яғный сол дәўир машқалаларын көтерип шығыў арқалы жәмийетлик турмысты сәўлелендириў көркем әдебиятта ҳәм көркем-өнердиң басқа түрлеринде ушырасса да, публицистика ҳәр тәреплеме ҳәм кең түрде өзин көрсете алатуғын майдан бул – баспасөз болып есапланады. Өйткени баспасөз жәмийетлик турмысты сәўлелендириў, анализлеў ҳәм оған қайта тәсир етиў функциясын публицистика арқалы әмелге асырады. Баспасөз ҳәм публицистика бир-бири менен тығыз байланыслы болып есапланады.

Публицистика инсаныяттың турмысты билиў, оны аңлап жетиў, дүньяда жүз берип атырған ўақыя-ҳәдийселерден хабардар болыў ҳәм оннан өзи ушын тийисли жуўмақлар шығарыў қуралы болып есапланады. Сол себепли де, инсанның өмирди бақлаўы, изертлеў нәтийжеси, тәжирийбелерден келип шыққан илим менен сыртқы дүньяның эстетикалық көриниси болған әдебият ҳәм көркем-өнер менен тығыз байланыслы болады. Публицистика турмыстағы факт ҳәм ўақыяларды тастыйықлаў, оларды изертлеў, мәнисин, ишки нызамлықларын ашыўда илимге тән болған усыл ҳәм имканиятлардан пайдаланады. Сол себепли де, ҳәр қандай публицистикалық шығармада белгили дәрежеде жәмийетлик-сиясий, экономикалық, илимий изертлеў белгилери бар болады.

Публицистика дүньяны билиў ҳәм сәўлелендириўде сөзден пайдаланғанлығы себепли көркем-әдебиятқа жақын турады ҳәм оның қурам бөлегине айланады. Публицистика көркем-әдебияттан образ ҳәм образлылық, сюжет, композиция ҳәм басқа да зәрүрли сүўретлеў қуралларын алады. Бул сыяқлы көркем-әдебий элементлер публицистикалық шығарманың тәсиршеңлигин асырыў, ўақыя-ҳәдийселерди жанлы ҳәм қызықлы етип сүўретлеў ушын қолланылады. Биракта публицистиканың ўазыйпасы сол ўақыттағы ўақыя-ҳәдийсени оперативлик пенен сәўлелендирип бериўден ибарат болғанлығы себепли онда жоқарыдығы көркем-әдебий деталлардан тек ғана зәрүрли жағдайларда ғана белгили дәрежеде пайдаланады. Яғный баспасөз сыяқлы публицистика да сөз сиясаты болып есапланады.  Баспасөз публицистикасында жәмийетлик турмыстың барлық тараўларын өз ишине алады ҳәм жәмийет турмысының қайсы тәрепин сәўлелендириўине қарап түрлерге бөлинеди. Мәселен, жәмийет турмысының сол ўақыттағы баслы мәселелерин жәмийетлик-сиясий публицистика, оның өндириси менен экономикасын экономикалық публицистика, ал илим-пән тараўындағы машқалаларын илимий публицистика жарытады.

Публицистика жәмийет турмысының барлық тәреплерин сәўлелендириўде өзине тән усыл ҳәм қураллардан пайдаланады. Атап айтқанда, көркем-әдебий публицистика өзинде турмыстың барлық тараўларын сәўлелендирсе де, ол айрықша көркем-әдебий қуралларға сүйенеди. Яғный көркем-әдебий публицистика турмысқа әдебий көз-қарастан жантасады ҳәмде баспасөз бенен әдебияттың ортасында турады ҳәм оларды бир-бири менен тығыз байланыстырады. Фотосүўретлер жәрдеминде жәмийетлик болмысты сәўлелендирип бериўши фотопублицистика да публицистиканың қурам бөлеги болып есапланады.

Сондай-ақ, публицистикалық шығармалар баспасөз публицистикасы, радиопублицистика, телепублицистика ҳәм кинопублицистика сыяқлы түрлерге бөлинеди.

Жоқарыда атап өтилген белгилер, публицистиканың мазмунлық ҳәм услублық тәреплерине тийисли белгилери болса, публицистика өзиниң ишки қәсийетлери, жәмийетлик турмысқа қай дәрежеде тәсир етиў ҳәм оны сәўлелендириў көз-қарасына қарай да түрлерге бөлинеди. Турмыстағы ўақыя-ҳәдийселер ҳаққында оперативлик пенен хабар бериўши, өмирдиң көзге көринип турған үстки қатламларын сәўлелендирип бериўши публицистика – информациялық яки хабардар етиўши публицистика делинсе, ўақыя-ҳәдийселердиң ишки мазмунын ашып бериўши, өмирдиң терең ишки қатламларын өзинде сәўлелендириўши публицистика аналитикалық публицистика деп аталады. Өмирдеги ўақыя-ҳәдийселерди көркем-әдебий қураллар жәрдеминде сәўлелендириўши, басқаша етип айтқанда, турмысты көркем-эстетикалық жақтан анализлеп, баҳалаўшы көркем публицистика бул дөретиўшилик түрдиң ең жетилискен, жоқары формасын қурайды. Публицистиканың бул үш түри бир-бири менен өз-ара тығыз байланыста болып, бир-бирин толықтырып отырады ҳәмде жәмийетлик турмыстың барлық тәреплерин өзинде ҳәр тәреплеме ҳәм рәң-бәрең сәўлелендириўши жәмийетлик-дөретиўшилик ҳәдийсе сыпатында инсаниятқа хызмет етеди.

Ғәрезсизликке ерискеннен кейин жәмийетлик турмыстың барлық тараўларында үлкен өзгерислер, жаңаланыў ҳәм раўажланыўлар жүз бере баслады. Бул өзгерислер журналистикада, баспасөз бетлеринде де кең түрде өз көрнисин тапты. Олардың тематикалық ҳәм структуралық анализи ғалаба хабар қуралларының миллий қәдириятлар ҳәм тарийхый-мәдений мийрасларды қайта тиклеў идеясы менен жәмийетшилик пикирин жаңаша қәлиплестириўши жәмийетлик институтқа айланғанын көрсетеди. Себеби Қарақалпақстан баспасөзи жәмийетлик қатламлардың социаллық турмысын сәўлелендириўши ҳәм оған белсене тәсир етиўши тийкарғы қурал болып есапланады. Бул ҳаққында профессор Ф.А.Мўминов «Өзбекстан Республикасының сиясий ғәрезсизликке ерисиўи республика алымларына

социализмниң идеялық шегаралаўынан азат болған жәмийетлик пәнлерди раўажландырыў имканиятын берди. Қысқа ўақыт ишинде республикалық баспасөзде жаңаша руўхта жазылған бир қанша мақалалар пайда болды. Бул мақалаларда миллетимизге тән болған тарийхый қәдириятлар, дәстүрлер ҳәм үрп-әдетлер қайта тикленбекте. Анығырағы, халқымыз өзиниң тарийхый яднамасын қайта тиклеў процессин бастан кеширмекте»[27] -деп жазады. Әлбетте бул ўазыйпаларды әмелге асырыўда ўақытлы баспасөздиң әҳмийети жүдә үлкен.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийраслардың жаңаша интерпретация етилиўи ҳәм анализлениўи республикамыздың ғәрезсизликке ерискеннен кейинги жылларына туўра келеди. 2000-2010-жыллар аралығында баспасөзде жәрияланған материалларды көзден кеширгенимизде, халқымыз тарийхына, оның бай мәдений мийраслары ҳаққындағы сөз етиўши публицистикалық материаллар тийкарынан 2001-2002-жыллардан баслап жәрияланып баслағанлығының гүўасы боламыз.

Заманагөй қарақалпақ баспасөзинде қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи, оның келип шығыў тарийхы ҳәм республикамыз аймағындағы тарийхый қала ҳәмде естеликлерди изертлеўге байланыслы археологиялық, этнографиялық, тарийхый, әдебий ҳәм архивлик дереклерге сүйенген ҳалда жазылған мақалалар жарияланбақта. Әсиресе академик С.Камалов, Ж.Базарбаев, Ҳ.Ҳамидов, М.Мамбетуллаев, С.Баҳадырова, Б.Қощанов, Ш.Бабашев, О.Юсупов, Ғ.Хожаниязовлардың халқымыздың бай тарийхы ҳаққындағы публицистикалық материаллары кең жәмийетшиликте үлкен қызығыўшылық оятпақта. Изертлеў нәтийжесинде бул бағдардағы мақалалар тийкарынан тарийхшы, әдебиятшы ҳәм археолог илимпазлар тәрепинен жазылып атырғанлығын көриўимизге болады.

Бул типтеги журналистлик материаллар «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана», «Қорақалпоғистон тонги», «Қарақалпақстан

---

[27] Мўминов Ф.А. Журналистика ижтимоий институт сифатида. – Тошкент: Университет. 1998. – Б. 3.

жаслары» ҳәм «Устаз жолы» газеталарында «Тарийх», «XXI әсир археологиясы жаңалықлары», «Тарийх бетлеринен», «Өтмиш ҳәм биз», «Тарийхқа нәзер салсақ», «Дәреклер», «Дәреклескен тарийхқа жат емес», «Шежире», «Тарийхтан дереклер», «Мийрас», «Өтмиштен саза», «Уллы тулғалар ҳаққында», «Тарийх ҳәм мәнаўият» ҳәм тағы басқада рубрикалар астында берилип барылмақта.

Мәселен, журналист Қ.Ерниязовтың жазыўшы Т.Қайыпбергенов пенен жүргизген «Тарийхымызды тереңирек үйренейик» атлы сәўбети халқымыз тарийхын еле де тереңирек үйрениў ҳаққында билдирилген сын пикирлери менен жәмийетшиликте қызығыўшылық оята алды деп ойлаймыз. Сәўбет барысында жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың пикирлери салыстырыўлар, теңеўлер ҳәм басқада көркемлеў қураллары арқалы шебер берилгенлигин көремиз. Мәселен, « – Халқымыздың тарийхы ҳаққында пикир алысқан гезимизде айрым зиялылар үнсиз ойланып қалады. Буның себебине қыял жуўыртсақ, бизиң халқымыздың тарийхы елеге шекем мисли қақпағы жабық қазанға, болмаса, бүгинлиги ҳәр қыйлы өсимликлер, атлары намәлим дарақлар өсип, буған дейин оның орнында нелер өскени, егер егилсе, қандай егинлер егилгени, биймәлим кең атызға мегзейди. Базы тарийхшыларымыз арасында жабық қазаннан шыққан пуўға қарап, ишинде не барын өзлеринше шамалағанын, ал бүгинлиги қыйлы-қыйлы өсимликлер, атлары намәлим дарақлар өсип турған жерлерге нәзер таслап, өзлеринше ой жуўыртып, ҳәттеки, гейде изертлеген, бурын ол жерге қандай егинлер егилгенин анықлаған болып та жүргенлери сыр емес»[28] -деген сын пикирлери халқымыз тарийхын еле де тереңирек ҳәм объективлик көз-қарастан изертлеўге қаратылғанлығы менен әҳмийетли.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхшы-илимпазлар, әдебиятшы, жазыўшылар ҳәмде журналистлер тәрепинен мине усы сыяқлы базы бир сын мақалалардың берилиўи қарақалпақ халқының келип шығыў тарийхы ҳәм

---

[28] Ерниязов Қ. Тарийхымызды тереңирек үйренейик. // Еркин Қарақалпақстан. 2000. 2-ноябрь.

тарийхый-мәдений мийраслары ҳаққындағы публицистикалық материаллардың баспасөзде жийе жәрияланыўына түртки болды.

Солай етип, қарақалпақ халқының келип шығыў тарийхы, этнографиясы, үрп-әдет, дәстүрлери, тарийхый-мәдений мийраслары ҳәм халқымыз тарийхын еле де тереңирек изертлеў мақсетинде алып барылған археологиялық изертлеў жумысларының нәтийжелери күнделикли баспасөзде өз көринисин тапты.

Қарақалпақстан баспасөзинде бул типтеги материаллар фактлерди шеберлик пенен анализ еткенлиги менен характерленеди. Мәселен, «Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәрияланған Ж.Базарбаев, Р.Базарбаевлардың «Қарақалпақлардың келип шығыўы ҳаққында бирер сөз»[29] атлы мақаласын алып қарайық. Авторлар грек тарийхшысы Геродот, араб тарийхшысы Эн-Нуверий, классик шайырларымыз Бердақ ҳәм Әжинияздың шығармаларына, тарийхшы-илимпазлар С.П.Толстов, академик С.Камаловтың пикирлерине, Орта Азия халықлары ҳаққында баҳалы мағлыўматлар бериўши зароастиризм дининиң муқаддес китабы «Авесто» ҳәмде Қытай жылнамаларына тийкарланып б.э.ш. VIII-V әсирлерде Қытайдың арқа ҳәм батыс тәреплеринде бир неше қәўимлерден ибарат «Ди» деп аталған халықлардың жасағанлығы, б.э IV әсиринен баслап олар өзлерин «теле» деп атай баслағанлығы, соңын ала бул атама барлық түркий қәўимлердиң атына айланғанлығы, сол телеге кирген қырық төрт қәўимниң ишинде Монголия аймағындағы Туро (Тули) дәрьясының жағаларында турмыс кеширген «фуфуло» яғный «бөрикли» деген қәўимниң бар екенлиги ҳәмде сол «бөрикли» деген қәўимниң қарақалпақлардың түп негизи болыўы итимал деген пикирлерди билдиреди.

Мақаладан көрип турғанымыздай авторлар Геродот, Эн-Нуверий, С.П.Толстов, С.Камалов сыяқлы тарийхшылардың мийнетлеринде, Бердақ,

---

[29] Базарбаев Ж., Базарбаев Р. Қарақалпақлардың келип шығыўы ҳаққында бирер сөз. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 9-ноябрь.

Әжинияз шайырлардың шығармаларында, муқаддес «Авесто» китабы ҳәм Қытай жылнамаларында кетирилген фактларды шебирлик пенен салыстырып тарийхый-мәдений мийрасымыз ҳаққында жаңа мағлыўматларды бере алған.

Ж.Базарбаев, Р.Базарбаевлар қарақалпақ халқының этногенези ҳәм этникалық келип шығыўына тийисли пикирлери «Афучжило – бөриклилердиң биринши ханы, Қаңлы бирлеспесиниң тийкарын салыўшы»[30] атлы мақаласында да даўам еттирилген. Бул мақалада да авторлардың фактлерден пайдаланыўдың өзине тән шеберлиги көзге тасланады. Мақала бөриклилердиң биринши ханы Афучжило ҳаққында болып, мақалада былайынша сөз етиледи: « «Вэн сулаласы тарийхының» 103-бабында Тэйхэ Хохан тахтқа отырғанына 11 жыл болғанда (227-243ж) ишки қарсылықлардың күшейип өз-ара гүреслерден түрли қәўимлер ҳәр жаққа кете баслады. Фуфуло (бөрикли) қәўими сәрдары Афучжило жийени Чюнчи менен бирге 100 мыңнан артық гавчэ (қаңлы) шаңарақлары менен батыс тәрепке көшип барып өз мәмлекетин шөлкемлестирди ҳам өзин «Қуд бийлик» («Тәңирдиң перзенти») хан деп жәриялады (22-б) деп көрсетеди. Буннан бөриклилер гавчэ (қаңлы) деп атлаған телелердиң (түрклердиң) бир бөлиминиң ишинде баслы рольди атқарып, өз ўәкилин хан дәрежесине көтергенлигин көремиз.

Қаңлы этноними қытай дереклеринде ерте дәўирде қәўимниң ямаса руўдың атына айтылмай, телелердиң қубла бөлимине оларды «гавчэ» деп атаған. Ол атама әййемги түркий тилинде «конколик» яки қаңлы деп аталып, ол қытай тилиниң туркше аўдармасы болып есапланған. Бул қытай япон алымларының изертлеўлеринде де тастыйықланады. Жоқарыда аты аталған дәўирде гавчэ (қаңлы) сөзиниң қытайша аўдармасы болса, усы ат пенен аталғанлар өз тилинде қаңлылар делинген. Олардың гавчэ деп аталыўының себеби, қытайлар телердиң бир бөлиминиң бийик дегершикли арбалардан

---

[30] Базарбаев Ж., Базарбаев Р. Афучжило – бөриклилердиң биринши ханы, Қаңлы бирлеспесиниң тийкарын салыўшы. // Еркин Қарақалпақстан. 2003. 14-январь.

кең пайдаланғанлығын көрип, оларға «гавчэ» деп яғный «бийик арбадағылар» деп ат қойған. Соннан «гавчэ» этноними үрп-әдет тийкарында қытайлар арасынан келип шыққан. (21-22-б.)

Шын мәнисинде тарийх урпақларға қандай болмасын бир әжайып белги қалдырады. Сол бийик дегершикли арба қарақалпақ елинде тийкарғы өндирис әспабы, қатнас қуралы ретинде күни кешеге, тап ҳәзирге дейин пайдаланылады».[31]

Авторлар қытай жылнамаларына, Бердақтың «Шежире» дәстанына, белгили тарийхшы Л.Н.Гумилевтың «Әййемги түрклер», «Әййемги Русь ҳәм Уллы Дала» мийнетлерине , С.П.Толстов ҳәмде С.Камаловтың пикирлерине сүйене отырып бөриклилердиң қаңлы бирлеспесинде болып, печененглер менен қосылып өмир сүргенлиги қарақалпақлардың этногенезиниң тийкары деген илимий жаңалықлардың бетин ашады ҳәм академик С.Камаловтың «Печенеглердиң пайда болыўы қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўиниң екинши этапы болып есапланады, печенег деген сөзди қарақалпақлардың екинши аты деўге болады» деген пикирлерине дәлийл болғандай тарийхый фактлерди берип, қарақалпақлардың келип шығыўына, тарийхтағы орнына айтарлықтай айдынлық береди.

Қарақалпақстан баспасөзинде жарияланған тарийхый-мәдений тематикадағы публицистик материаллар бири екиншисиниң даўамшысы сыпатында берилип, толықтырылып барылады. Мәселен, жоқарыда анализге тартылған «Қарақалпақлардың келип шығыўы ҳаққында бирер сөз» атлы мақаланың даўамы ретинде академик Ж.Базарбаев «Қарақалпақ этнонbackминдеги «қара» сөзиниң тарийхый мәниси» атлы көлемли мақаласын жәриялайды. Автордың бул мақаласында да фактлерди қолланыў шеберлигин көремиз. Автор мақаласында Махмуд Қашғарийдиң «Девону луғат-ат турк», Юсуф Ҳас Ҳажибтиң «Қутадғу билик», «Авесто»,

[31] Базарбаев Ж., Базарбаев Р. Афучжило – бөриклилердиң биринши ханы, Қаңлы бирлеспесиниң тийкарын салыўшы. // Еркин Қарақалпақстан. 2003. 14-январь.

Д.Айтмуратовтың «Тюркские этноними», Абул Фазл Байхакидиң «Тарихи Байхаки» шығармаларына, эн-Нуверийдиң, П.П.Иванов, Н.А.Баскаков ҳәм тюрколог С.Әбутәлиплердиң пикирине сүйене отырып, тюрколог Д.А.Расовскийдиң «тюрк халықларының әдетинде «қара» деп бийлиги жоқ халықларға айтылады» деген ямаса Химмер П.И.Рыжковтың «Траур белгиси ретинде елинен қуўылыўына байланыслы олар «қара шапки» кийе баслаған, соның нәтийжесинде олардың аты «Черные клубоки», «Черные шапки» болған» деген пикирлерине өзиниң ҳәр тәреплеме дәлийленген төмендегидей пикирин билдиреди. «Белгили тарийхшы П.П.Ивановтың көрсетиўинше «Тарихи Байхаки» мийнетиниң авторы Абул Фазл Байхаки өз мийнетинде XI әсирдиң биринши ярымындағы Хорезм шахтың түрк гвардиясының сәркардасына «қалпақ» деген терминди пайдаланады. Мәлим болғанындай түрк халықларында «қалпақ» деген атаманы жеке адамға қолланыў ушыраспайды. Сонлықтан да, ол ҳаққында сөз болғанда сол нөкерлер гвардиясы массасына қойылған түрк атамасы ҳаққында көбирек сөз болыўы керек»… «Яғный анаў, яки мынаў адамның этникалық шығыслық белгилери (Ж.Б.) бойынша аталыўы шығыс авторларындағы жүдә әпиўайы қубылыс» деп айта келе, ол қысқартылған термин «қалпақ», «қарақалпақ» орнына пайдаланылған. Демек, Хорезмшахтың түрк гвардиясының сәркардасы Алтунташқа қолланған «қалпақ» термини жеке адамның аты емес, ал сол адамның басқарған этникалық группадағы халықтағы атлылар массасының қысқартылған түрк атамасы болып, ол сол қарақалпақты аңлатады деп тастыйықлап Иванов тағы да былай деп жазады: «қарақалпақ» этноними Арал бойларының қубла-шығысындағы территорияларда пайда болды, ал сол халықтың өзи этникалық группа ретинде тийкарынан тек сол территорияда қәлиплести.

Демек, Алтунташ сәркарда баслаған гвардияны «қалпақ» деп атаған болса, онда оның әййемги шығысы менен байланыслы айтылған болыўы итимал. Ал оннан кейин тарийхта атын қалдырған ондай гвардияны, не ушын

қүдиретли, ғайратлы, батыр, күшли, яғный олардың барлық мәнисин бир сөз бенен билдиретуғын түрклердиң әдиўли сөзи «қара» деп атаўға ҳәм «қалпақ» пенен бириктирип «қарақалпақ» деп атаўға болмас екен».[32] -деп өз пикирлерин дәлиллеўде бир қатар тарийхый фактлерден шебер пайдаланып логикалық жуўмақ шығарады.

Б.Генжемуратовтың «Олар қайсы қарақалпақлар екен…» атлы публицисикасы кең жәмийетшиликти қарақалпақлардың тарийхына тийисли жаңадан-жаңа мағлыўматлар менен таныстырып, көпшиликте үлкен қызығыўшылық ҳәм тартыслы пикирлерди пайда ете алды. Мақалада автор былайынша сөз етеди: «Жақында (2008) Джон Мэн деген тарийхшының китабын[33] оқыў арқалы Монғолстан қарақалпақлары туўралы бир қатар дереклер менен танысыў бахтына миясар болдым. Бул китапты инглиз тилинен орыс тилине В.Артемов аўдарған. Джон Мэнниң жазыўынша, ҳәзирги ўаққытта Монғолстанда Шыңғысхан мавзолейи бар. «Храмды ҳәм ондағы салт-дәстүрлерди қадағалап келген ҳәм қадағалап барыўшы айрықша қәўим бар, оларды Қара Қалпақлар деп атайды. Қәўим ағзаларының тастыйықлаўынша, олар – Шыңғысхан өлген соң сегиз Ақ отаўына қорғаўшы етип бекитилген 500 шаңарақтың әўладлары» (325-бет) екен.

…1661-жылда Маньчжурия императоры Шунь-Цзуй өлгенде оған рәсмий аза тутыўдан Қара Қалпақлар бас тартқан. Бул бас иймеўшиликтиң себебин анықлаў ушын Қара Қалпақлардың бир опары Пекинге (Бейджинге) алып барылғанда олар пүткил өмири даўамында тек бир императорға – Шыңғысханға ғана матам тутып Қара кийиўи буйырылғанлығын ҳәм оған садық қалатуғынлығын билдирген.

Джон Мэн бул китабында Шыңғысхан Мавзолейиндеги оның Будда тақылетте тастан ойылған төрт метрлик статуясы бар екенлигин айрықша таңланыўшылық пенен еске түсиреди. «Оны қолайлы, сыйдам кийинген, қара

---

[32] Базарбаев Ж.Қарақалпақ этнон152миндеги «қара» сөзиниң тарийхый мәниси» «Еркин Қарақалпақстан. 2006. 13-май.
[33] Чингизхан. Жизнь, смерть и воскрешение. – Москва: ЭКСМО. 2006.

жуқа кийиз (фетр) шляпалы – күтә қәҳәрли Қара Қалпақлар қорғап тур» (338-бет), деп жазады ол.

…Дерлик сегиз Ақ отаўды – Мавзолейди бизлер билмеген, бизлер түсинбеген моңғол Қара Қалпақлары сақлап, қорғап киятырған екен. Булар Шыңғысхан дүньядан өткенде Жан-тәни менен аза тутып, басларына матам қалпағы болған қара қалпақты кийген Қара Қалпақлар ма?...Булар Шыңғысханның буйрығына 800 жылдан бери садық қалған Үлкен Қалпақ – Қара Қалпақлар ма?...» [34]

Публицист бул мақаласында жалғыз Джон Мэнниң китабынан фактлер келтиреп, теманы кең түрде ашып бере алмағаны менен кең жәмийетшиликте, әсиресе, тарийхшы-илимпазлар арасында ҳәр қыйлы пикирлердиң пайда болыўына түртки болды. Нәтийжеде мақалада айтылған пикир ҳәм ортаға тасланған сораўға жуўап ретинде академик Ж.Базарбаев ҳәм доцент Р.Базарбаевлардың «Олар қайсы қарақалпақлар екен…»[35] атлы көлемли мақаласы жүзеге келди. Мақалада Б.Генжемуратовтың мақаласында айтқан Қара Қалпақлары қайсы қарақалпақлар ҳәм халқымыздың келип шығыў тарийхында олардың қандай орны бар екенлигине анықлық киргизиўге ҳәрекет етилген.

Бул сыяқлы халқымыздың келип шығыў тарийхына тийисли публицистикалық мақалалардың баспасөзде жийе-жийе жәрияланыўы тарийхшы-илимпазлар ҳәм кең жәмийетшилик арасында тартыслы пикирлердиң пайда болыўына ҳәмде бул арқалы өтмишимиздиң бизге еле де намәлим тәреплериниң айдынласыўына себепши болады.

Жоқарыда айтып өткенимиздей, республикамыз тарийхый орынларға жүдә бай үлке. Бул жерде әййемги Келтеминар, Тазабағжап, Әмирабад, Тагискен, Кердер мәдениятлары, «Авесто», аҳаманийлер, эллинлер, қаңлылар, қушанлар, афригидлер, саманийлер, ғазнаўийлер, уллы

[34] Генжемуратов Б. Олар қайсы қарақалпақлар екен… Еркин Қарақалпақстан. 2008. 25-октябрь.
[35] Базарбаев Ж., Базарбаев Р. Олар қайсы қарақалпақлар екен…// Еркин Қарақалпақстан. 2009. 27-январь.

Хорезмшаҳлар дәўирлерине тийисли мыңнан артық әййемги қала ҳәм қорғанлар, сарай ҳәм тарийхый естеликлер бар. Бул бай мийраслар бизиң үлкемиздиң дүнья жүзи мәденияты менен цивилизациясының ошағы екенлигин дерек беретуғынлығын кең жәмийетшиликке жеткериў, оның әҳмийетин түсиндириў баспасөзимиз алдында турған баслы ўазыйпа болып есапланады.

Бунда әлбетте, журналистлермиз публицистикадан өнимли пайдаланыў арқалы жәмийетшиликке қозғаў сала алады. Мине усындай мақалалардың бири белгили журналист Я.Қўчқорвтың «Аму тонги» газетасында «Тарийх ҳәм мәнаўият» рубрикасы астында жәрияланған «Уллы жолдың бир бәндиргиси»[36] атлы мақаласы болып есапланады. Автор мақалада бир ўақытлары Уллы Жипек жолының ең әҳмийетли бәндиргиси есапланған Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы археологиялық естеликлердиң дүнья жәмийетшилигиниң дыққатын өзине тартып атырғанлығын, «ашық аспан астындағы бул әжайып музейлер жыйындысы» бойлап халықаралық туризмниң «алтын шеңберин» дүзиў мүмкинлиги, оның бир ушы әййемги Хорезмниң мәмлекетиниң пайтахты болған афригидлер мәмлекетиниң ең белгили қаласы, дүнья илим пәни раўажланыўына өзиниң үлесин қосқан энциклопедист алым Әбиў Райхан Беруний, оның устазы Әбиў Насыр Иraклардың Ўатаны әййемги Кат (Қыят) қаласынан баслап Фил қала ( ал-Фир қала), Ақашаханқала, Думанқала, Киши ҳәм Үлкен Гүлдирсинқала, Нарынжанқала, Қумбасқанқала, Бүркитқала, Ойқала, Қорғасынқала, Қойқырылғанқала, Жамбасқала, Базарқала, Қорғасынқала, Кырққызқала, Аязқала, Қабатқала, Топыраққала, Қызылқала, Султан Ўайс Қараний қойымшылығы, Жампыққала, Шылпық қорғаны, Хожелидеги Миздакхан комплекси ҳәмде Үстирит тегислигиндеги тарийхый естеликлерге дейин даўам ететуғынлығы ҳәм бул арқалы республикамызда туризмди еле де раўажландырыў имканиятларының пайда болатуғынлығын атап өтеди. Бунда

[36]Қўчқоров Я. Уллы жолдың бир бәндиргиси. // Аму тонги. 2001. 29-ноябрь.

публицисттиң шеберлиги ҳәр бир тарийхый орынды анық фактлерге тийкарлана отырып сүўретлей алғанлығы ҳәм көркемлеў қуралларынан өнимли пайдаланып оқыўшының көз алдына Уллы Жипек жолы бойлап туристлик саяхат әмелге асырылап атырған сыяқлы етип бере алыўында көринеди.

Мине усындай публицистикалық материаллардың бири академик Ж.Базарбаев ҳам доцент Ғ.Ғожаниязовлардың авторлығындағы «Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2004-жыл 21-август күнги санында жәрияланған «Гербимиздеги қорған тарийхы» атлы мақаласы болып есапланады. Бул мақалада тарихый-мәдений мийрасымызды көркемлеў қураллары, лирикалық шегинислер, көркем-әдебий деталлар ҳәм публицистикалық усыллар арқалы сәўлелендириў шеберлиги көзге тасланады. Мәселен, мақаланың кирисиў бөлиминде Ўатанымыз тәбияты көркем-әдебий деталлар жәрдеминде шебер сүўретленеди: «Ана топырақ, туўылған мәкан. Ондағы ҳәр бир гия, ҳәр бир тас ҳәр бир сай-салалары, адамға күш-қуўат ҳәм мәдет береди. Елпип ескен самаллар, аппақ бултлар, әптап ҳәўирлери, сайраған қуслар, туўлаған балықлар, қашаған асаўлар ҳәм ҳайўанатлар ҳәммеси бизге еркliликти көрсетеди» -деп көркем публицистикалық усыллардан пайдалана отырып, теманы жарытыўда Я.Г.Гулямов, С.П.Толстовлардың изертлеўлерине, А.А.Кун, А.Е.Россикова, Г.Вамбери, А.Н.Каразин, А.Б.Каулбарс, М.Н.Богданов сыяқлы үлкемизде болған саяхатшылардың жазып қалдырған естеликлерине тийкарланып Шылпық қорғанының тарийхы, оның нешинши әсирлерге тийисли екенлиги ҳәмде оның қандай орын болғанлығына анықлық киригизиўге ҳәрекет етеди.

Мәселен мақалада: «…1990-жылы Шылпықта болып ҳәм онда бақлаў жүргизген Орайлық Азия архитектурасы, тарийхы бойынша белгили қәниге, архитектура илимлериниң докторы С.М.Булатов естеликтиң ўақтында асторномиялық бақлаў орны болғанлығы ҳаққында пикир билдиреди. Профессордың есаплаўларына қарағанда, дәрўазаның оң қапталында қалың

дийўалды тесип исленген «Сырлы қапы» жәрдеминде қорған ишине орнатылған астрономиялық әсбапларда бақлаўлар жүргизилген. Оның азимуты 58 градус болып, ол дийқаншылық пенен шуғылланыўшы отрықшы халыққа дәстүр болған қыста түн менен күнниң теңлесиў ўақтын (21-22-декабрь) және күнниң тутылыў мәҳәлин анықлаў ушын хызмет еткен. Көшпели шарўалар болса өзлериниң жумысларының бағдарын жазғы күн менен түнниң теңлесиў ўақтын (21-22-июнь) және күнниң тутылыў мәҳәлин анықлаў менен баслаған. ...Демек, өзиниң географиялық жайласыўы менен астрономиялық бақлаў жүргизиўге жүдә қолайлы болыўынан да, сол дәўирдеги үлкемиз қалаларының ортасында орналасыў жағынан да Қойқырылған қаладан кейинги астрономиялық бақлаў орнына тек Шылпық туўры келеди»[37] деп жазады. Мақаланың характерли тәрепи сонда авторлар тарийхый факт ҳәм дәлийллерге сүйениў менен бирге көркем-әдебий деталлардан да шебер пайдала билген. Бул усыл мақаланың аудиторияға тәсир күшин асырған ҳәм қызықлы болыўын тәмийинлеген.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений майрасларымыздың итибардан шетте қалып баратырған тәреплерин көтериўши проблематикалық материалларда ушырасады. Мәселен, «Қарақалпақстан жаслары» газетасында «Журналист ой салады» рубрикасында журналист Ш.Сийпатдиновтың «Естелик халқымыздың муқаддес мүлки» атлы мақаласын сол типтеги материаллар қатарына киргизиў мүмкин. Онда журналист б.э. II-III әсирлерине тийисли Әййемги Хорезмниң ири қалаларының бири болған Топыраққала тарийхы, оның архитектуралық өзгешеликлери ҳәм қаладан табылған тарийхый буйымлар ҳаққында айта отырып былайынша пикир билдиреди: «...18 жүз жыллықтан берли ҳеш бир реставрациясыз Топыраққаланың жоқ болып кетпей турғанына адам баласының тәсийин қалмаўына илажы жоқ. Бундай тарийхый естеликлер халқымыздың муқаддес мүлки. Солай екен, оларға халықтың итибарын

[37] Базарбаев Ж., Ғ.Хожаниязов. Гербимиздеги қорған тарийхы. Еркин Қарақалпақстан. 2004. 21-август.

қаратыўды ҳәм бул орынларға туристлердиң дыққатын аўдарыў ушын әмелий жумыслар ислеўди тарийхшы, археолог-илимпаз, алымларымыз бенен тийисли жуўапкерли қәнигелеримиздиң пайына қалдырамыз».[38]

Мине усы сыяқлы сын пикирлер Ҳайитбой Абдусодиқтың «Мәнаўий мәртлик туйғысы барма яки Хожелиге музей керек пе?» атлы мақаласында билдирилген. Мақалада былайынша сөз етиледи: « Хожелиши жасы үлкенлер бир ўақытлары Шамун баба қәбири алдына орнатылған, жас баланың бойы менен барабар бийикликтеги қайыр-садақалар салынатуғын ыдысты жақсы еслейди. Бул ыдысты «Шамун бабаның ийтиниң қулағы» деп те атайтуғын еди. Бүгинги күнге килип әпсанаўий ҳайўанлар көриниси берип исленген бул есетеликти биреўлер Эрмитажға алып кетилген десе, ал басқалары Ташкентте сақланбақта деп шамалайды, ҳеш ким анығын билмейди.

Өткен әсирдиң 70-жылларында ҳәзирги Хожели районы ҳәкимияты имаратына жақын жердеги бир ески бина бузылғанда дийўаллар арасынан шүберекке орап көмилген ески қурал-жарақлар шыққан екен. Ол жерден табылған инглиз оқ атар мылтықлары өз жолына, бирақ көрген адамлардың айтыўынша, миллий нағыслар менен безелген қылышлардың тәғдири белгисиз екенлиги ашынарлы жағдай есапланады.

Жақында ғана ески Хожелидеги Сүўенли арнасы көпириниң шеп тәрепиндеги майданнан жай салыў ушын топырақ алып атырған жумысшылар түйиншикке байлап көмилген, арабша имладағы жазыўлар түсирилген теңгелерди таўып алады. Табылманы сол жумысшылардың бири үйине алып кетеди. Бирақ бизлер бул нәрселердиң ҳақыйқыйы былай турсын фотосүўретин де көре алмадық. Жигит теңгелерди ҳаялына береди, ҳаялы балаларына береди, балалары болса ойнап жоқ етеди.

Бир молла ағамыз өли жерлеў ушын Мазлумхан қәбиристанының қубла тәрепиндеги тегисликке тутасатуғын жерди қазғанында ол жерден ишине

[38] Сийпатдинов Ш. Естелик халқымыздың муқаддес мүлки. Қарақалпақстан жаслары. 2006. 3-август.

тикке қойылған адам сүйеклери бар гүзе тауып алғанын айқан еди. Олар гүзени қайтып көмип таслайды. Алжаспасам, адамды бул тәризде көмиў Миздахқанда биринши рет ушырайды. Бирақ қазақ жазыўшысы М.Шаханов өзиниң Ч.Айтматов пенен болған сәўбетинде адамды тикке ҳалда үлкен гүзеге салып көмиўдиң Алтын Орда мәмлекетиниң пайтахты Сафайжық қаласы тарийхы мысалында ушыраўы ҳаққында мағлыўмат келтиреди. Бундай табылмалардың қәнигелер тәрепинен салыстырмалы түрде анализленип үйренилиўи өтмишимиз ҳаққында және де анығарақ жуўмақлар шығарыўымызға алып келген болар еди.

Тилекке қарсы, өзимизде Хожели тарийхын, кеңирек мәнисте усы аймақтың тарийхын үйрениў менен шуғылланатуғын бир де бир илимий шөлкемге ийе емеслигимиз нәтийжесинде көплеген бийбаҳа тарийхый мийрасларымыз сыртқа алып кетилмекте. Қандай да биреўлер тәрепинен өзлестирилип алынбақта яки қайтадан топыраққа көмилмекте.

Буннан 10-15-жыллар бурын Хожели районы басшылары ҳәттеки болажақ музей ушын қолайлы имарат излеў машқаласы менен де бәнт болған еди. Усындай бай тарийхымызды тиклеў, сақлаў ҳәм келешек әўладларға жеткерип бериў ушын, әлбетте, Хожели қаласына бир музей керек».[39] Усы сыяқлы сын пикирлердиң билдирилиўи публицистиканың жәмийетшиликке тәсир етип, белгили бир машқала ҳаққында жәмийетшилик пикирин пайда етиўге ҳәмде усы машқаланың шешилиўине түртки болады деп ойлаймыз. Өйткени, публицистиканың күши де машқаланы көтерип шыға алыўында көринеди.

Ҳақыйқатанда да, жоқарыда айтып өтилгениндей, тарийхшы, әдебиятшы илимпазлар ҳәм журналистлердиң тартыслы пикирлери, бәсеки ҳәм дискуссиялары халқымыз тарийхына тийисли жаңадан-жаңа мағлыўматлардың жүзеге шығыўына ҳәм халқымыз тарийхын объективлик

[39] Абдусодиқ Ҳ. Маънавий мардлик туйғуси борми ёки Хожелига музей керак ми? // Қорақалпоғистон тонги. 2010. 16-сентябрь.

принципи тийкарында изертлеў имканиятын береди. Бунда әлбетте, миллий баспасөзимиз «пикирлер таласының минбери» сыпатында хызмет етип келмекте. Сонлықтанда, Қарақалпақстан баспасөзинде жарияланған публицистикалық материаллар жәмийетшилик пикирин қәлиплесиўде үлкен роль ойнайды.

Жуўмақлап айтқанда, Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрас тематикасын сәўлелендириўде публицистлер көркемлеў қуралларынан, тарийхый фактлерден, жылнамалардан шебер пайдалана алған.

# 2.БАП. ҚАРАҚАЛПАҚСТАН БАСПАСӨЗИНДЕ ЖӘРИЯЛАНҒАН ТАРИЙХЫЙ-МӘДЕНИЙ МИЙРАСЛАР ТЕМАТИКАСЫНДАҒЫ МАТЕРИАЛЛАРДЫҢ КОМПОЗИЦИЯСЫ, ЖАНРЫ, ТИЛИ ҲӘМ ЖУРНАЛИСТ СТИЛИ МӘСЕЛЕЛЕРИ

## 2.1. Публицистикалық шығарма композициясын қәлиплестириўде журналист уқыплылығы, тили ҳәм индивидуал услуб

Баспасөзде жәрияланған шығармалардың тәсиршеңлик қуралларының ишинде олардың композициясы, тили ҳәм журналист стили үлкен әҳмийетке ийе. Композиция, тил ҳәм стил публицистикалық шығармалардың шеберлик белгилери, көрсеткишлери есапланады. Журналистлер тәрепинен машқалаларды көтериўде, ўақыяны сүўретлеўде ҳәм өз пикирин газета оқыўшыларына жеткизип бериўде форма элементлери есапланған композиция, тил ҳәм стиллик шеберликлери кең көлемли имканиятларға ийе.

Ҳәр бир журналисттиң улыўмалық яки жекке өзине тән усыллары бар. Әлбетте, журналистлик шығарманың структуралық қурылысы, тили ҳәм стили алдын ала шаблон тәризде белгилеп қойылмайды. Бир журналист шығармасының қурылысы ҳәм ўақыя ҳаққындағы фактлерди тәртиплестириў усыллары басқа бир журналисттиң стилине усамайды. Олардың материалларды таярлаў усыллары белгили бир өзгешеликлери ҳәм элементлери менен ажыралып турады. Бундай ҳәр қыйлылық журналистлердиң қатнас жасаўына, ўақыяны түсиниўине, пикирлеў дәрежесине, қысқасы дөретиўшилик лабораториясына байланыслы.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириўде газета материаллары композициясының да әҳмийети үлкен. Сонлықтан да, баспасөзде тарийхый-мәдений мийраслар тематикасында жарияланған публицистикалық материаллардың композициясын үйренип шығамыз.

Композиция сөзи латынша сөз болып, «қурылыс», «дүзилис», «тәртипке келтириў» деген мәнини билдиреди. Журналистлик шығарма

композициясы дегенде биз ең әўеле оның темасын, ишки бөлимлериниң жайласыўын, фактлердиң структуралық тәртибин, ўақыяның басланыўы, раўажланыўы ҳәм қалай жуўмақланыўын түсинемиз. Композиция автордың фактлерди режелестириўине ҳәм шығарма идеясының дәлийлениўине қаратылған болады.

М.Мамбетуллаев ҳәм тарийхшы О.Юсуповлардың «Қубла Арал бойы халықларының этногенези ҳәм этникалық тарийхы жөнинде» атлы мақаласында Қубла Арал бойы халықларының этникалық тарийхы ҳәм Кердер мәденияты бойынша алып барылып атырған археологиялық изертлеўлер ҳаққында сөз етиледи. Мақала композициялық жақтан кирисиў, өз алдына киши темаларға бириктирилген төрт бөлимнен ибарат. Бул киши бөлимлер бир-бири менен өз-ара тығыз байланыста болып, мазмуны бири екиншисин толықтырып барады.  Мәселен, кирисиў бөлиминде былайынша сөз етиледи: «Нәтийжеде Евразияның бир бөлеги болған Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан археологиясында «ақ таңбалар» болып киятырған, ерте орта әсирдеги индоевропа тил семьясында ҳәм түрк тилинде сөйлеўши этнослардың материаллық мәдениятларының бизиң регионымызда сақланып келгениниң гуўасы болды. VI-VII әсирлерде ерте түрк қәўимлериниң Сырдәрьяны бойлап Жаңадәрья, Қуўандәрья, Әмиў дельта алабына, соның ишинде Кусхана таў микрооазисине миграциясы (көшип қоныс басыўы) нәтийжесинде олар жергиликли қәўимлер менен араласып, жаңа этномәденият пайда етиўи, түркий қәўимлер өзлериниң диний исенимлерин, үрп-әдетлерин ҳәм миллий дәстүрлерин еки-үш әсирлер бойы сақлап келгенлиги анықланды. Өзбекстанның арқа-батыс аймағы болған еки дәрья дельта алапларында, ерте түркий халықларының материаллық мәденияты излериниң табылыўы Ўатанымыз ҳәм үлкемиз тарийхының ерте орта әсирлер дәўири тарийхының сырлы бетлерин толықтырады».[40]

---

[40] Мамбетуллаев М, Юсупов О. Қубла Арал бойы халықларының этногенези ҳәм этникалық тарийхы жөнинде. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 24-декабрь.

Мақаланың «Әййемги түркий қәўимлердиң Арал бойына миграциясы» деп аталған биринши бөлиминде Арал бойларына ерте түркий қәўимлердиң миграциясы ең әййемги бронза дәўиринен басланатуғынлығы, олардың жергиликли этнослар менен биригип, «Тазабағжап мәдениятын» пайда еткенлиги, екинши рет түркийлердиң араласыў толқыны б.э.ш.VI-III әсирлерге туўра келип, олардың Сырдәрья жағаларында «Жети асар мәдениятын» пайда еткенлиги, түрклердиң Қубла Арал бойларына миграциясы ерте орта әсирлерде де болып, «көк түрк» қәўимлериниң жергиликли халықлар менен араласыўы нәтийжесинде «Кердер мәдениятын» пайда еткенлиги ҳаққында сөз етиледи. Авторлар өз пикирлерин дәлийллеўде академиклер Э.В.Ртвеладзениң «Орта Азия халықларының мигарациясы» ҳәм А.Асқаровтың «Орайлық Азиядағы түркий тиллес халықлардың этногенези мәселелерине жаңаша пикир» илимий мийнетлерине ҳәмде археологиялық изертлеўлер нәтийжесинде табылған материаллық буйымларға тийкарланады.

Мақаланың «Зардуштийли Кердерлилер мәденияты» деп аталған екинши бөлиминде Күйик қаладан табылған оссуриялық қәбиристан ҳәм басқа да тутыныў буйымларына қарай отырып олардың зароастризм динине сыйынғанлығы ҳаққында сөз етиледи. Ал «Түркий-Кердер мәденияты» деп аталған бөлимде болса, мынандай қызықлы фактлер келтирилген: «Күйик қалада қазылып үйренилген қәбирлерди биз ерте түрк тиллеринде аталғандай «Оба» деп атадық. Қарақалпақ классик шайыры Бердақ заманында марҳум жерленген қәбирди «Оба» деп атағаны мәлим. Не ушын Күйик қала естелигин археолог алымлар 1956-жылдан берли изертлеў алып барса да, олардың сондай көп жайласқан «Оба»ларын таба алмаған. Себеби, бурын археолог алымлар кердерлилердиң бәри хорезмлилердиң мәдений тәсиринде

зардуштийлик динди қабыл етти, сонлықтан олар өз мархумларын сол динниң дәстүрлери менен жерледи деп исенип келди».[41]

«Түркий – Кердерлердиң «Оба»сындағы буйымлар» деп аталған соңғы бөлиминде болса, Күйик қаладағы қәбирлерден табылған қурал-жарақлар, ҳаял-қызлардың безениў ҳәм ҳәр қыйлы тутыныў буйымларына қарай отырып олардың турмыс тәризи, диний исенимлери ҳәмде дәстүрлери ҳаққында мағлыўматлар берилген.

Мақаланың бундай комозицион дүзилиске ийе болыўы, яғный өз алдына киши темаларға бөлиниўи оның оқымыслылығын тәмийинлеп, тәсиршеңлигин арттырған. Өйткени, факт ҳәм тарийхый дәлийллерге бай бул типтеги көлемли мақаланы бөлимлерге бөлместен сол тәризде бериў оқыўшыны зериктирип қойған болар еди. Сонлықтан да, авторлар ўақыялардың раўажланыў избе-излигин сақлаған ҳалда оны бирнеше киши темаларға бөлген.

Журналистлик шығармалардың композициялық дүзилисинде басланыўы менен жуўмақланыўы тәсиршең ҳәм мазмунлы болыўы керек. Егер мақаланың басланыўы тәсирли шықпаса, онда газета оқыўшысы зеригеди ҳәм мақаланы оқымай қояды. Өзбек алымларынан бири О.Тоғаев «Көркем очеркте композиция» атлы илимий мийнетинде «Композиция жүдә қурамалы өнер болып, шығарманың тәғдирин белгилейтуғын әҳмийетли көркемлеў қуралы болып есапланады»[42] деген еди. Бул жүдә дурыс айтылған пикир болып есапланады. Соның ушын да газета материалларының композициялық дүзилиси шеберликти талап етеди.

Баспасөз материаллары композициясын табыслы шығарыў усылларының бири бул мақаланың басланыўында арнаўлы көркемлеў қураллары яки ўақыяның кульминациялық ноқатындағы фактлерди қолланыў шеберлиги болып табылады. Бул метод Қарақалпақстан баспасөзинде

---

[41] Мамбетуллаев М, Юсупов О. Қубла Арал бойы халықларының этногенези ҳәм этникалық тарийхы жөнинде. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 24-декабрь.
[42] Тоғаев О. Ўзбек журналистикаси масалалари. – Тошкент: ТашДУ. 1984. – Б. 83.

тәжирийбели публицистлердиң, журналистлердиң шығармаларында көзге тасланады. Мәселен, белгили илимпаз С.Баҳадырова «Ҳәзирети ата-баба қалдырған байлықлар» атлы шығармасында көркемлеў қураллары менен халық ауызеки дүрданаларын өз дөретпесине ықшам жайластырған. Ол: «Сонда мен бизиң халық сыпатында басқаларға айтатуғын немиз бар деген сораў менен бетпе-бет ушырастым. Сол сораўға жуўап табыў мақсетинде тынбастан ислеймен, излеймен, изленемен. Ата-бабамның қолы менен исленген, таланты менен дөретилген байлықларынан жуўап таўып тынышланаман, оларды басқаларға айтқым келеди, сол ўақытта мен асаў Әмиўге усайман, мени ҳеш ким тоқтатпаса, бар күшим менен мәўиж урып, дәрьядай бурқасынлап ақсам деймен, қуйынлатып қатты самал болып желсем деймен, үргин болып ҳүўлесем, гүлдирмамадай гүлдирлеп, жерге нөсерлеп қуйған жаўын болып жаўсам деймен»[43] деп метафорадан шеберлик пенен пайдаланып шығарманы шеберлик пенен баслайды. Соң: «Усылай ата-бабаларымның әрўақларын шақырып жазғаным менен мен ол байлықтың сырларын ашып бере алсам не жақсы? Бирақ, тәўекел етип көрейин»[44] деп мақаланың тийкарғы фактлерди көрсетиўге өтеди.

Автор айтылажақ ўақыяны туўрыдан-туўры баслаўы мүмкин еди. Бирақ тәжирийбели публицисттиң мақсети ҳәм стили бундай әпиўайы яғный хроникалық вариантқа жол қоймайды. Себеби, публицист көркемлеў қуралларынан өз орнында дурыс пайдалана алмаса, онда шығарманың тәсиршеңлиги пәсейип кетеди. Бул орында композициялық қурылыстағы шеберлик пикирлердиң ҳәм фактлердиң жоқары дәрежеде бир-бири менен байланысыўында көринеди.

Бул мақала үлкен еки бөлимнен ибарат болып, оның «Қарақалпақ арғымағы» деп аталған биринши бөлиминде ата-бабаларымыздың ең қәдирлеген байлығы – қарақалпақ тулпарлары, олар ҳаққында халық

---

[43] Баҳадырова С. Ҳәзирети ата-баба қалдырған байлықлар. // Еркин Қарақалпақстан. 2010.13-июль.
[44] Сонда.

аўзындағы аңыз-әпсаналар ҳәм дәстанларымызда жырланатуғын аттың образы ҳәмде халық аўзында атларды жасына, жынысына қарай қалай атағанлығы ҳаққында сөз етилсе, «Қарақалпақ арғымағының ер тоқымы – қол өнериниң жетилискен түри» деп аталған екинши бөлиминде, халқымыздың атты жасандырыў ушын пайдаланған затлар – бул жоқары дәрежедеги, адамзат ғәзийнелериниң қатарынан орын алатуғын өнер екенлиги, бул буйымлардың қалайынша аталыўы ҳәм оның не ушын пайдаланатуғынлығы ҳаққында сөз етиледи. Автор өз шығармасында халық аўызеки дөртпесиниң ең әжайып үлгилеринен өнимли пайдаланған ҳәм бул нәрсе оны көркемлик жақтан байытып, тәсиршеңлигин арттырған.

Публицистикалық шығарманың басланыўында оқыўшыны өзине тартатуғын және бир композициялық форма – бул мақаланың қызықлы ҳәдийсе туўралы екенлигин айтып, ўақыяның өзин кейинирек айтыў усылы. Мәселен, Б.Генжемуратовтың «Олар қайсы қарақалпақлар екен…» атлы мақаласынның басланыўында оқыўшының дыққатын өзине тартатуғын төмендегише қатарлар келтирилген: «1988-жылда белгили тарийхшы ағаларымыздың бири: «Бахтияр, ерте дәўирлерде қарақалпақ халқының саны көпшиликти қураған, сондай-ақ, ханлық тахтқа минип, ел-мәмлекет басқарған қарақалпақ миллетинен ўәкиллер көп болған. Бизлер – қарақалпақ тарийхшы илимпазлары усы мәселелерди үйрениўди дурыслы жолға қоя алмай атырмыз. 60-70-жыллар аралығында бир кавказлы тарийхшы «Қарақалпақ ханы – Султамурат хан» деген темада кандидатлық диссертация қорғаған. Қарақалпақтың бул ханы Россия патшасы Петр I диң сиясатына қарсы урыслар алып барған», -деген пикирди айтқанында, мен исенеримди де, исенбесимди де билмегенмен.

Жигирма жылдан бери мени мына сораў қыйнап келмекте: «Россия патшасы уллы Петрге қарсы қылыш көтерген Султамурат хан – қайсы

қарақалпақ?»[45] деп әҳмийетли сораўды ортаға таслап оқыўшының шығармадағы ўақыяға болған қызығыўшылығын күшейттиреди. Газета оқыўшысы бул қатарларды оқып: «Ҳақыйқатында да, Петр I ге қарсы гүрескен Султамурат ханның ким екенлигин ямаса мақала темасының не ушын олар қайсы қарақалпақлар екен?» деп қойылғанлығы қызықтырады ҳәм оны ақырына шекем оқып болмағанша тынышлана алмайды.

Және бир қызықлы тәрепи сонда, мақаладағы тийкарғы ўақыялар бул ҳаққында болмай, онда Монғолстандағы Шыңғысханның мавзолейин қорғап турған 500 шаңарақтың бар екенлиги, олардың өзлерин Қара Қалпақлар деп атайтуғынлығы ҳәм олардың қайсы қарақалпақлар екенлиги ҳаққында сөз етиледи.

Баспасөз материалларының басланыўында оқыўшыны өзине тартатуғын және бир композицион метод – бул мақаланың қызықлы ҳәдийсе яки сөз етилежақ ўақыяға байланыслы халық аўзындағы аңыз-әпсаналар менен басланыўы болып есапланады. Мәселен, Ҳ.Камолдың «Шоманай – Шәменай болған ямаса Моншақлы қала IX әсирге тийисли ме?» атлы мақаласында «Көпти көрген жасы үлкенлердиң айтыўынша Шымбайдың Шоманай атлы гөззал қызы Кетенлер деген жигит пенен турмыс қурыпты. Соннан бул жердиң аты Шоманай деп аталып кеткен. Ямаса Хийўа ханының қызы қыдырып жүрип бул жерлерге адасып, келип қалыпты. Қалың тоғайдың ишинен қулағына найдың сыйқырлы даўсы еситилипти. Қыз ҳайран қалып әтирапына қараса, тоғайдың ишинде сулыў бир жигит най шертип отырған екен. Оған көзи түскен ўаққытта ханның қызы «Шомы най» деп бақырып жиберипти. Кейин ала най шертип отырған жигитке ашық болып қалған ханның қызы оған турмысқа шығып, сол жерлерде жасап қалыпты. Қыздың «Шомы най» деген сөзи ел арасына таралып, бул жердиң аты «Шоманай» деп аталып кетипти» деп мақаланы халық аўзындағы аңыз-әпсаналар менен

[45] Генжемуратов Б. Олар қайсы қарақалпақлар екен? // Еркин Қарақалпақстан. 2008.25-сентябрь.

баслап, тийкарғы фактлерди ҳәм ўақыя раўажын кейинги бөлимлерде даўам еттиреди.

Соның менен бир қатарда, базы бир мақалалардың композициялық басланыўы төменирек екенлиги де сезиледи. Мәселен, журналист Ш.Сийпатдиновтың «Естелик халқымыздың муқаддес мүлки»[46] атлы мақаласының басланыўына итибар берейик: «Қарақалпақстан Республикасы тарийхый естеликлерге бай үлке. Дерлик көпшилик районымызда ески қорған, қалалардың қалдықлары бар» деп гәпти ғалаба хабар қуралларында бир неше мәрте айтылған ҳәм ҳәммеге мәлим болған қайталаўлар менен баслайды. Әлбетте, бундай дәстүрге айланған қәлиплер, бәршеге мәлим болған стил газета оқыўшысын зериктиреди. Автор мақаланы баслағанда Топыраққала тарийхына тийисли жаңа фактлер ямаса көркем публицистикалық қураллардан пайдаланып қала тарийхы, оның изертлениўи менен байланыслы болған бир деталдан пайдаланғанда мақаланың тәсиршеңлиги артқан болар еди.

М.Мамбетуллаев, Б.Шамамбетов, Ж.Турманов ҳәм О.Юсуповлардың «Әййемги Окс (Жайҳун, Әмиўдәрья) ултанында «Шылпық қаласы» табылды»[47] ҳәм К.Палымбетов ҳәм О.Юсуповлардың «Қарақалпақ дәстанларында Кердер мәдениятының сәўлелениўи»[48] атлы мақалаларында да «Қарақалпақстан аймағы тарийхый ҳәм мәдений мийрасларға бай ямаса Қарақалпақ халқы мәдений, тарийхый-археологиялық естеликлерге оғада бай» сыяқлы қайталаўларды ушыратамыз.

Публицистикалық шығарманы өзине сай жуўмақлаўда үлкен әҳмийетке ийе. Қарақалпақстан баспасөзинде журналистлер практикасында шығарманың жуўмақланыўы ҳәр қыйлы формада болып келмекте. Айырым мақалалар сюжет шешими менен тамамланса, басқалары автордың тилек-

---

[46] Сийпатдинов Ш. Естелик халқымыздың муқаддес орны. // Қарақалпақстан жаслары. 2006. 3-август.
[47] Мамбетуллаев М, Шамамбетов Б, Турманов Ж, Юсупов О. Әййемги Окс (Жайҳун, Әмиўдәрья) ултанында «Шылпық қаласы» табылды. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 25-июнь.
[48] Палымбетов К., Юсупов О. Қарақалпақ дәстанларында Кердер мәдениятының сәўлелениўи. // Еркин Қарақалпақстан. 2001. 6-ноябрь.

усыныслары ямаса риторикалық сораў менен жуўмақланады. Мәселен, М.Мамбетуллаев, Б.Шамамбетов, Ж.Турманов ҳәм О.Юсуповлардың «Әййемги Окс (Жайҳун, Әмиўдәрья) ултанында «Шылпық қаласы» табылды»[49] деп аталған мақаласында: «Әмиўдәрья алабында Қарақалпақстан аймағындағы Антик ҳәм ерте орта әсирдеги «Шылпық» қорған қалаларды, ата-бабаларымыздың мийрасларын изертлеў XXI әсирдеги археология илиминдеги ўазыйпалардың бири болыўы керек» деген сюжет шешими менен тамамланса, Б.Генжемуратовтың «Олар қайсы қарақалпақлар екен…» атлы мақаласы «…Булар Шыңғысхан дүньядан өткенде жан-тәни менен аза тутып, басларында матам қалпағы болған қара қалпақты кийген Қара Қалпақлар ма? …Булар Шыңғысханның буйрығына 800 жылдан бери садық қалған Үлкен Қалпақ – Қара Қалпақлар ма?.. Олар қайсы қарақалпақлар?»[50] деген жәмийетшиликке ой салатуғын риторикалық сораў менен жуўмақлайды.

Баспасөз материалларының әҳмийетли ҳәм қурамалы структуралық бөлимлериниң бири – оның тили болып табылады. Баспасөзде мақала тили қаҳарманның ишки ҳәм сыртқы дүньясын сәўлелендириўдеги бирден-бир қурал болып есапланады. Баспасөз тилиниң қысқа ҳәм тәсиршеңлиги, түсиникли ҳәм әпиўайылығы, көркем-әдебий сөзлерге байлығы мақаланың оқымыслылығын тәмийинлеп, ғалабалығын арттырады. Алым А.Шомахсудов «Газетаның тили ҳәм стилине байланыслы» деп аталған шығармасында: «Баспасөз тилиниң байлығы ана тили беретуғын шексиз имканиятларға тийкарланады. Ана тилиниң әсирлер бойы топланып келген бай ғәзийнесинен, оның ҳәр қыйлы лексикалық ҳәм грамматикалық қәсийетлери менен суўғарылмай турып, баспасөз тили халықшыл ҳәм ғалаба, өткир ҳәм тәсиршең болыўы мүмкин емес»,[2] - деген болса, изертлеўши Ю.Ҳамдамов:

---

[49] Мамбетуллаев М, Шамамбетов Б, Турманов Ж, Юсупов О. Әййемги Окс (Жайҳун, Әмиўдәрья) ултанында «Шылпық қаласы» табылды. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 25-июнь.
[50] Генжемуратов Б. Олар қайсы қарақалпақлар екен? // Еркин Қарақалпақстан. 2008.25-сентябрь.
[2] Шомахсудов А. Ўзбек журналистикаси масалалари. -Т.:ТошДУ.1984.-23-бет.

«Тил журналист ушын жумыс «қуралыдур»,[3] - деп дурыс көрсетип береди. Баспасөз тилиниң негизинде жергиликли халық сөйлейтуғын ана тили жатады. Тилдиң әпиўайы сөйлеў формасы турмыста, жәмийетте пайдаланып жүрген сөзлер жыйындысынан ибарат. Газета ҳәм журналларда қолланылатуғын сөзлердиң көпшилиги халық тили тийкарында писип жетилискен публицист ҳәм хабаршылар тәрепинен безетилген әдебий-көркем тил есапланады.

Қарақалпақстан баспасөзинде жарияланған тарийхый-мәдений мийраслар тематикасындағы материаллардың тәсиршеңлиги ҳәм нәтийжелиги тилдиң көркемлиги менен де белгиленеди. Мәселен, С.Баҳадырованың «Ҳәзирети ата-баба қалдырған байлықлар»[53], «Қарақалпақ жыраўы»[54], «Қарақалпақ қобызы»[55] ямаса Ж.Базарбаев пенен Ғ.Хожаниязовлардың «Гербимиздеги қорған тарийхы»[56] атлы ҳәм тағы басқа публицистикалық материалларда көркем тил ҳәм басқа да көркемлеў қураллары жәрдеминде халқымыздың бай тарийхый-мәдений мийраслары сәўлелендирилип, бул арқалы халықымыздың миллий руўхы, миллий характери ашып бериледи.

С.Баҳадырова «Қарақалпақ жыраўы» атлы мақаласында қарақалпақ халқының таўсылмас тил байлығынан шеберлик пенен пайдаланыўға ҳәрекет еткен. Ол өз мақаласында тарийхый факт ҳәм халық аўзындағы аңыз әпсаналарға тийкарланып, халқымыздың бир неше әсирлерден берли атадан-балаға өтип киятырған бай мәдений мийрасларының бири қарақалпақ жыраўшылық өнери менен олардың поэзиясы ҳаққында сөз жүритип, оны образлы түрде сүўретлейди. Мәселен, «Жыраў поэзиясында төгилип, үсти-үстине ағылып, үйирилип, бирин екиншиси жаздырмай тутас келетуғын төкпе уйқас бар. Бул да тәбияттың стихиясына еликленген уйқас. Тәбиятта

---

[3] Ҳамдамов Ю.Замон ва мезон. –Т.: Ўзбекистон.1991. -92-бет.
[53] Баҳадырова С. Ҳәзирети ата-баба қалдырған байлықлар. // Еркин Қарақалпақстан. 2010.13-июль.
[54]Баҳадырова С. Қарақалпақ жыраўы. // Еркин Қарақалпақстан. 2010.28-октябрь.
[55] Баҳадырова С. Қарақалпақ қобызы. // Еркин Қарақалпақстан. 2010. 21-сентябрь.
[56] Базарбаев Ж., Ғ.Хожаниязов. Гербимиздеги қорған тарийхы. // Еркин Қарақалпақстан. 2004. 21-август.

даўылдың желиси, суўдың толқыны, аттың туяғының үсти-үстине урып ай даланы басына көтерген дүбирине еликлеў бар. Буны төкпе ямаса ақпа уйқас десе де болады. Бунда қосықтың ағылып келген тийкарғы уйқасына жарыса туўылған уйқаслар және уйқас туўдырып, оны жанапайлап алып жүретуғын жаңа майда уйқаслар бар. Бул уйқасларда жаўға қарай шапқан атлардың ишинде баслап баратырған батырдың атына қапталлап шапқан басқа жаўынгерлердиң атының шабысына еликлеў бар. Уйқаста аттың төрт туяғының жерге теңдей тийип даўыс шығарған даўысының сести еситиледи, саўаш майданында бир-бири менен жарысып шапқан атлардың дүбирин береди, бунда уйқаслар ойнайды, уйқаслар жарысады, батырдың атын жанапайлап шапқан атлар, гейде оның менен теңлесип, гейде оннан сәл қалып, гейде оны иреп шапқан тулпарлардың ойнақы жүриси сыяқлы, батырдың атын жаў ортасында қалдырмай алып шығатуғын сыяқлы, тийкарғы уйқасқа басқа жанапайлап туўылған уйқаслар күш берип, оны кем-кем күшейтип барады, тийкарғы уйқасты қалдырмайды, оны жоқ етпей тийкарғы уйқас ақырына шекем келеди. Соңында жарыстан озған атлардың суўлық шайнап көкке қарай бой таслаўы, душпанды жеңип келген батырдың аты сыяқлы бәлент лапыз менен бийик көтериңки руўх пенен уйқас өзин тоқтатады»[57] деп тилимиздеги бай көркемлеў қуралларынан шебер пайдаланған ҳалда пикир баянын образлы ҳәм тәсиршең етип сүўретлейди.

Журналист сөзиниң тәсиршең болыўы жүдә көп функцияларға байланыслы болады. Саўатлылыққа, сөйлеў мәдениятына айрықша итибар бериў, яғный әдебий тил ҳәм оның нормаларын пуқта билиў ҳәм толық әмел етиў мақала тилиниң тәсиршеңлигин тәмийинлейтуғын тийкарғы функцияларынан бири болып табылады.

Жоқарыда келтирилген мысалда автор пикириниң образлы ҳәм тәсиршең шыққанлығының себеби, оның ана тилимиздиң сөз бирикпелеринен, ҳәр қыйлы лексикалық ҳәм грамматикалық

[57] Баҳадырова С. Қарақалпақ жыраўы. // Еркин Қарақалпақстан. 2010.28-октябрь.

өзгешеликлеринен орынлы пайдаланыўға итибар бергенлигинде болып табылады. Егер жоқарыда келтирилген мысалға итибар берсек, автор пикирин жеткерип бериўде «тулпарлардың ойнақы жүриси сыяқлы» ямаса «жарыстан озған атлардың суўлық шайнап көкке қарай бой таслаўы, душпанды жеңип келген батырдың аты сыяқлы» теңеў ҳәм метафоралардан ҳәм тағы басқа көркемлеў қуралларынан шебер пайдаланғанлығын көремиз.

С.Баҳадырованың және бир өзине тән стили, ол шығармаларында көбирек фольклорға қатнас жасайды. Публицист қарақалпақ халық аўызеки дөретпелерин жақсы билгенлиги ҳәм терең үйренгенлиги оның публицистикасына өз тәсирин тийгизген.

Ж.Базарбаев, М.Мамбетуллаев, С.Баҳадырова, Ш.Бабашев, О.Юсупов Ғ.Хожаниязов ҳәм басқада алымлар илимпаз болғанлығы себепли публицистикалық материалларында биринши нәўбетте илимий изертлеўлерге, тарийхый ҳүжжетлерге сүйенеди. Тарийхый дерек ҳәм усыл тарийхый-мәдений мийраслар темасын сәўлелендириўге тән болған публицист стили болып табылады. Мәселен, тарийхшылар М.Мамбетуллаев ҳәм О.Юсуповлар өзлериниң «Қубла Арал бойы халықларының этногенези ҳәм этникалық тарийхы жөнинде» атлы мақаласында академик Э.В.Ртвеладзениң «Орта Азия халықларының миграциясы», академик А.Асқаровтың «Орайлық Азиядағы түркий тиллес халықлардың этногенези мәселелерине жаңаша пикир» атлы мийнетлерине ҳәм зароастризм дининиң муқаддес китабы «Авесто»ға сүйене отырып, халқымыз тарийхына тийисли жаңадан-жаңа мағлыўматларды береди.

Солай етип, Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириўде публицистлер мақала композициясын өзине тән услублар арқалы бериўге итибар берген. Бул тематикадағы баспасөз материаллары композициясы авторлардың индивидуал услубына, мақала көлемине ҳәм ўақыялар раўажланыўына қарай дүзилис тапқан. Публицистлер

тарийхый-мәдений мийраслар тематикасын ашып бериўде мақаланың басланыўы менен жуўмақланыўына айрықша итибар қаратқан.

Улыўма айтқанда, Қарақалпақстан баспасөзинде журналистлик материаллардың композициялық дүзилиси ҳәм тил имканиятларынан пайдаланыў шеберликлери көбирек тәжирийбели журналистлер, көрнекли публицистлер дөретиўшилигинде раўажланып барған.

## 2.2. Баспасөз материалларының жанрлық өзгешеликлери

Баспасөзде жәрияланатуғын текстли материаллар өзиниң мазмуны ҳәм формасы жағынан өзгешеленип турады. Оның ең әҳмийетли өзгешеликлериниң бири бул – оның жанры болып есапланады. Журналистлик дөретпелердиң жанры дегенде ҳақыйқатлықты, композицияны, стилистиканы сәўлелендириўши оның тематикалық мазмунға ийе сыпатламаларының турақлы өзгешеликлери түсиниледи. Жанрлық өзгешеликлери журналисттиң еркине байланыслы болмай, ал керисинше ол өз мақаласы ушын қандай да бир жанрды таңлап, оның өзгешеликлери менен имканиятларын есапқа алыўға да мәжбур болады.

Жанрлар тек ғана журналистикада емес, дөретиўшиликтиң басқа да түрлеринде ушырасады. Соның ишинде бизге белгили көркем-әдебий жанрлар яғный прозада – бул гүрриң, новелла, повесть, роман, поэзияда – қосық, поэма, ода (арнаў) ҳәм тағы басқа болады. Композиторлар өз шығармалары ушын соната, симфония, концерт, опера ҳ.т.б. музыкалық жанрларды таңлайды. Илимпазлар да өз илимий мийнетлеринде мақала, баянат, диссертация сыяқлы жанрлардан пайдаланады. Журналистика тараўында болса, баспасөз жанрларын информациялық, аналитикалық ҳәм көркем публицистикалық жанрлар үлкен үш топарға деп бөлип көрсетеди.

Өз гезегинде бул жанрлар ишки бөлиниўлерге ийе. Информациялық жанрларға хабар, есабат, интервью, репортаж киреди. Олардың әҳмийети ҳәм тийкарғы айырмашылығы жәмийетлик, сиясий-экономикалық, руўхый,

социаллық турмыстағы жаңалықларды, ўақыя ҳәм ҳәдийселерди аудиторияға оперативлик пенен жеткерип бериўде көринеди. Информациялық жанрлар дереклерге сүйенеди, анық фактлерден ибарат болады. Егер информациялық жанрлар ўақыяны қысқа, ықшам ҳәм анық фактлер арқалы сәўлелендирсе, аналитикалық жанрлардың тийкарғы өзгешелиги фактлер анализи, жәмийетшилик пикирин избе-из үйрениў ҳәм сәўлелендириў, соның менен бирге журналисттиң белгили бир жуўмақлары менен белгиленеди. Баспасөздеги аналитикалық жанрларға корреспонденция, мақала, рецензия, баспасөз шолыўы ҳәм хатлар киреди.

Көркем публицистикалық жанрлар очерк, сүўретлеме, фельетон, памфлет ҳәм эпиграф сыяқлы түрлерден ибарат. Көркем публицистикалық жанрлардың тийкарғы өзгешеликлериниң бири образлылық болып табылады. Турмыстағы болып өткен ҳәм болып атырған ўақыяны анық фактлер жәрдеминде көркем усылда, арнаўлы көркемлеў қураллары арқалы ҳақыйқый сүўретлеп бериў көркем публицистиканың тийкарғы ўазыйпасы.

Мәмлекетимиздеги жәмийетлик-сиясий, экономикалық ҳәм социаллық турмыстағы өзгерислер, инсаниияттың цивилизацияға қарай умтылыўындағы факторлар илим ҳәм техниканың раўажланыўына өз тәсирин тийгизиўи тәбиийий. Соңғы ўақытлары журналистика тараўында түптен өзгерислер жүз берип, газета-журналлар бетлеринде таза жанрлар пайда болып атыр.

Заманагөй журналистикаға кирип келген информациялық жанрлар қатарына «блицопрос», аналитикалық жанрлар топарына «анкета», «мониторинг», «рейтинг», «эксперимент», «эссе», «аналитикалық пресс релиз», көркем публицистикалық жанрларға болса «ойын» (игра)[58] сыяқлы жанрларды айрықша атап көрсетиў орынлы.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мираслар тематикасын сәўлелендириўде белгили бир жанрды таңлап алыў авторға

[58] Тертычный А.А. Жанры периодической печати. Учебное пособие.-2-е изд., испр и доп. – Москва: Аспект Пресс. 2002. – С. 320

материал таңлаў процессинде, оны қайта ислеў ҳәм алдына қойған мақсетине ерисиўинде жәрдем береди.

Дөретиўшиликтиң ҳәр бир түринде жанрлар өзине тән өзгешеликлерине (спецификасына) ийе болады. Бул журналистлик дөретпелерге, атап айтқанда, ўақытлы басылымларда жәрияланатуғын бизге белгили болған барлық түрдеги материалларға да тийисли.

Ол ямаса бул жанрдың пайда болыўы ҳәм раўажланыўы, биринши нәўбетте, оған болған талапқа байланыслы. Раўажланған Европа мәмлекетлеринде дәслепки газета ҳәм журналлардың пайда болыўы белгили бир жәмийетлик топар ўәкиллериниң информацияға болған талабының келип шығыўы менен түсиндириледи.

Ҳәзирги ўақытта бизге белгили болған публицистика жанрларын қандай да бир журналисттиң өз искерлик процессин түсиндириўге урынып ойлап тапқаны ямаса ислеп шыққаны деп ойлаўға болмайды. Ҳақыйқатында публицистиканың ҳәр бир жанры оқыўшылардың ўақытлы басылымлардағы информацияға болған талапларының туўылыў реакциясы нәтийжесинде келип шыққан. Журналистлик информацияларға болған талап белгили бир өзгешеликлери менен ажыралып турыўшы журналистлик текстлердиң усынысын туўдырды. Дүньяжүзлик базардың пайда болыўы менен саўдагер ҳәм исбилерменлер ҳәр қыйлы товарлардың ислеп шығарылыўы ҳәм олардың ҳәр қыйлы еллер ҳәм қалалардағы баҳасы ҳаққында, теңиздиң аржағынан келетуғын товарлар жүкленген корабллердиң портқа келип жетиў ўақты ҳаққында ҳәр қыйлы мәмлекетлердиң әскерий күшлери арасындағы соқлығысыўлар ҳаққында, ҳүкимдарлардың алмасыўы ҳаққындағы информацияларға мүтәжлик сезилди. Газета хызметкерлери олар жайласқан еллерде жүз берип атырған әҳмийетли сиясий ҳам эконимикалық ўақыялар ҳаққында кең мағлыўматларды жәриялаўы арқалы усы талапты қанаатландырып отырған. Солай етип, кейин ала қысқа хабар (заметка) деп аталған жанр жүзеге келди. Европадада протестант ҳәм котоликлердиң

соқлығысыўы ўақтында, сиясий ҳәкимиятқа талпынған буржуазияның күшейиўи менен оларда идеологиялық қуралға болған зәрүрлик келип шықты, бул өз гезегинде листовкалар ҳәм плакатлар түринде кең тарқалған текстлердиң, соң памфлетлер деп аталған газеталық мақалалардың келип шығыўына себепши болды. Солай етип, публицистиканың басқа да жанрлары пайда болды ҳәм қәлиплесип барды. Бул процесс ҳәзирги ўақытта да даўам етпекте ҳәм жанрлардың жаңа түрлери пайда болмақта.

Бүгинги күнге шекем журналистика жанрлары ҳәм публицист шеберлиги мәселелери бойынша рус алымларынан Е.П.Прохоров[1], М.С.Черепахов[2], Е.И.Журбина[3], А.А.Тертычный[4], өзбек алымларынан Р.Муҳаммадиев[5], О.Тоғаевлар[6] монографиялар, оқыў қолланбалар ҳәм илимий изертлеў жумысларын алып барғаны белгили.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийраслар тематикасындағы материалларды жанрлық көз қараста үйренгенимизде информациялық корреспонденция, информациялық есабат, интервью жанрындағы материаллардың да бар екенлигин көриўимиз мүмкин.

Мәселен, «Қарақалпақстан жаслары» газетасында жәрияланған журналист Ш.Сийпатдиновтың «Ата-бабалар руўхын шадландыратуғын баслама»[59] деп аталған информациялық корреспонденциясында Елликқала районында 2500 жыллық тарийхқа ийе - Аяз қала-1, 1300 жыл бурынғы - Аяз қала, киши Қырыққыз қаладан яғный жәми 5 қорған қаланың кишкене көринисинен ибрат «Ашық аспан астындағы музей»диң қурылғанлығы ҳаққында сөз етиледи. Автор тек ғана бул мағлыўмат пенен шекленбей, Элликқала районы аймағындағы тарийхый естеликлер ҳәм оларды изертлеў

[1] Прохоров Е.П. Искусство публицистики. Размышление и разборы.-М.: «Мысль», 1984.
[2] Черепахов М.С. Таинство мастерства публициста.-М: «Мысль», 1989.
[3] Журбина Е.И. Повесть с двумя сюжетами.-М.: «Сов. Писатель», 1979.
[4] Тертычный А.А. Жанры периодической печати. Учебное пособие.-М.: Аспект Пресс, 2000.
[5] Муҳаммадиев Р. Публицистика ва унинг жанрлари.-Т.: ТашДУ, 1981.
[6] Тоғаев О. Публицистика жанрлари.-Т: Ўқитувчи, 1976.
[59] Сийпатдинов Ш. Ата-бабалар руўхын шадландыратуғын баслама. Қарақалпақстан жаслары. 2008. 7-август.

бойынша алып барылып атырған жумысларға да тоқтап өтеди. Сонлықтан да биз бул газета материалын жанрлық көз қарастан информациялық корреспонденция деп атаймыз.

«Аму тонги» газетасында жәрияланған Я.Қўчқоровтың «Тарийхый мийрас – баспасөз бетлеринде»[60] деп аталған материалы берилген. Бул материалды жанрлық жақтан информациялық есабат деп атаў мүмкин. Себеби онда Элликқала районында Өзбекстан Республикасы Олий Мажлиси Нызамшылық палатасының «Информация ҳәм коммуникация технологиялары» комитети басламасы менен «Жасларда тарийхый-мәдений мийрасқа болған ҳүрмет сезимин қәлиплестириўде ғалаба хабар қуралларының роли» атамасында семинар шөлкемлестирилгенлиги, оның әҳмийети ҳәм қатнасыўшылары ҳаққында информация бериў менен бирге, аудиторияның қызыққан көрсеткишлерин салыстырмалы анализ етеди. Автор тек ғана семинар ҳаққында мағлыўмат бериў менен шекленбестен, район аймағындағы археологиялық естеликлер, оларды изертлеў бойынша алып барылып атырған жумысларға да тоқтап былайынша сөз етеди: «Семинар ушын Элликқала районы бийкарға таңлап алынбаған. Район аймағында 254 әййемги қала ҳәмде естеликлер жайласқан болып, олардан б.э.ш. I әсирден берли сақланып киятырған әййемги «Аязқала», эрамыздың басында Хорезмшаҳлар мәмлекетиниң резиденциясы ўазыйпасын атқарған «Топыраққала» ҳәм басқа да әййемги қалалар ЮНЕСКО тәрепинен дизимге алынған. Районда бул бийбаҳа мийрасты асырап-абайлаў, үйрениў ҳәм өсип киятырған жас әўладты бул бийбаҳа естеликлер менен таныстырыў бағдарында бир қатар жумыслар әмелге асырылмақта. 2006 жылдың 11-19-сентябрь күнлери «Аяз қала» комлексинде ЮНЕСКОның басламасы менен «Орайлық Азия ҳәм Аўғанстан фундамент архитектурасы машқалалары» атамасында өткерилген халықаралық симпозиумда дүньяның алты

[60] Қўчқорв Я. Тарийхый мийрас – баспасөз бетлеринде. // Аму тонги. 2008. 24-май.

мәмлекетинен делегация қатнасып, онда жетекши археологлар әййемги қалаларды сақлаў ҳәмде консервация ислеў мәселелерин додалады. Симпозиумда ЮНЕСКОның Өзбекстандағы ўәкили мырза Барри Лейнниң қатнасыўы айрықша әҳмийетли болып табылады. Симпозиумда ылайдан салынған көплеген қалалардың жоғалып кетиўине жол қоймаў, оларда реконструкция жумысларын әмелге асырыў мақсетинде 800 миллион сум муғдарында қаржы ажыратылды. Ҳәзирги ўақытта реконструкциялаў жумыслары баслап жиберилди. Сондай-ақ, 2007-жылдың 2-4-октябрь күнлери профессор С.П.Толстовтың 100 жыллық юбилейине бағышлап археолог ҳәм этнографлардың симпозиумы өткерилиўи бул тараўда жаңа бир беттиң ашылыўына себепши болды. Өзбекстан Илимлер академиясы, Австралияның Сидней университети менен биргеликте өткерилген бул симпозиум «Жәҳән мәденияты тарийхында әййемги Хорезм цивилизациясының орны» ҳәмде «Әййемги Тасқырман оазиси археологиясы» мәселелерине бағышланды».[61] Көрип турғанымыздай бул типтеги есабатларда информация алмасыў туринде жүз берген ўақыялар сәўлеленеди.

Қарақалпақстан баспа сөзинде тарийқый-мәднний мийрасларды сәўлелендириўде информациялық характердеги материаллар менен бирге аналитикалық жанрлар топарына кириўши мақала, анализли интервью, гүрриңлесиў жанрлары да жийе ушырасады.

«Еркин Қарақалпақстан» газетасының 2000-жыл 2-ноябрь санында болса, Қ.Ерниязовтың «Тарийхымызды тереңирек үйренейик» деп аталған жазыўшы Т.Қайыпбергенов пенен болған аналитикалық интервьюи берилген. Бул интервьюде журналист тәрепинен берилген сораўлар аналитикалық характердеги жуўапларды талап етеди. Мәселен, интервьюде автор жазыўшыға төмендегидей сораўлар менен мүрәжат етеди:

[61] Қўчқорв Я. Тарийхый мийрас – баспасөз бетлеринде. // Аму тонги. 2008. 24-май.

«– Мен халқымыздың әййемги тарийхын тереңирек билиў ушын көп изленип, оқыўға тырысаман. Әттең базы бир миллий тарийхшыларымыздың жазғанларын оқысам, Қарақалпақлардың тарийхы XIX әсирде ғана басланғанға мегзейди. Аржағында қарақалпақлар миллет, мәмлекет сыпатында қәлиплеспеген бе екен? Тарийхый шығармаларыңызды дөретиўде сиз танысқан қарақалпақлардың тарийхы бойынша ҳүжжетлер жөнинде пикириңиз қандай?»

Аналитикалық интервью авторының роли бәринен бурын өз сораўлары менен ол анализдиң бағдарын белгилейди. Әдетте, оны интервью алынып атырған адамның өзи әмелге асырады. Усы мақсетте сораўлар сондай етип қәлиплестириледи. Бунда олар қандайда бир ўақыяның, қубылыстың, процесстиң, жағдайдың тийкарғы пайытларын сәўлелендириўди талап етеди.

Жоқарыда келтирилген мысалдағы сыяқлы сораўлар сәўбетлести өз билимлерин, түсиниклерин, болажақ материалдың предмети ҳаққында өз пикирлерин билдириўге қанаатландырады. Бул болса додаланып атырған ўақыяның себеп-нәтийжелик байланысларын анықлайды, белгили бир баҳалар бериледи, ўақыяның раўажланыўы болжаўы анықланады, баян етилген позицияның пайдасына зәрүрли аргументлер келтириледи. Солай етип, интервью текстиниң мазмуны шынлықты анализлеў элементлери менен «байыйды», бул оны аналитикалық материалға айландырады.

Әлбетте, интервью алынып атырған адам бағдарлаўшы сораўларды күтпестен-ақ ўақыялардың, жағдайлардың, процесслердиң анализин өзи әмелге асыратуғын жағдайларда болады. Бирақ бул көбинесе интервью алынып атырған адам гүрриңлесиў предметин кең ҳәм толық сәўлелендириўге өзи мәптар болғанда жүз береди, бул болса болажақ аналитикалық материал авторының ўазыйпасын жеңиллестиреди.

Гүрриңлесиў интервью, сораў-жуўап пенен бир қатарда информация алыўдың диалоглық, анығырағы «полилогикалық» усылын пайдаланыўға сүйенетуғын журналистиканың әҳмийетли аналитикалық жанры болып

табылады. Гүрриңлесиў көплеген жыллар даўамында баспасөз бетлеринде кеңнен пайдаланбақта. Журналистлик шығарма жанрларын терең изертлеген алымларға, изертлеўшилерге ҳәмде газета-журналларды үзликсиз оқып баратуғын адамларға, «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана», «Қарақалпақстан жаслары» ҳәм басқада басылымлардың бетлеринде, радио ҳәм телевидениеде алып барылатуғын сәўбетлери жақсы мәлим. «Дөгерек сәўбетлери» жақсы мәлим.

Ҳәзирги ўақытта да бул жанрды баспасөзде, радио ҳәм телевидениеде жийи ушыратыў мумкин. Мәселен, «Еркин Қарақалпақстан» газетасында жәрияланған белгили журналист ҳәм публицист Ш.Уснатдиновтың «Тарийхымыз илиминиң қаҳарманы»[62] атлы академик С.Камалов пенен жүргизген сәўбетин алып қарайық. Бунда журналист тәрепинен берилген сораўларға оның сәўбетлеси ҳәр тәреплеме жуўап бергенлиги менен әҳмийетли. Мәселен, «Халқымыздың тарийхы, улыўма тарийхтың өзгере бермеўиниң иләжы бар ма? Өзиңизге мәлим, Египет фараоны Рамсес II, Қытай императоры Цинь Шинхуандилер тарийх ҳәм басқа өзгерислер менен басланыўы керек дегенге усаған сиясат жүргизген. Бурынғы Советлик дүзимде де тарийх қайта-қайта өзгере берип, адамлардың исениминен шыға баслаган еди…

Тарийх тийкарынан өзгермейди, оның дәнекери болған сәнелери улыўма өзгермейди, айырым жағдайларда олар тек анықланыўы мүмкин. Өзгерис ҳәр мәмлекеттиң жүргизген сиясатына байланыслы болады. Мәселен, бир ел тоталитарлық мәмлекеттен, демократиялық мәмлекетке өтсе, әлбетте, тарийхқа тоталитар заманның кемшиликлери жазылады».[63]

Айырым жағдайларда гүрриңлесиў жанры интервью жанры менен салыстырылып, бирдей деп қаралады. Бирақ бундай салыстырыў, оларды бирдей деп қараў ҳәм усы аты аталған жанрлардағы улыўмалық белгилери

---

[62] Уснатдинов Ш. Тарийхымыз илиминиң қаҳарманы. // Еркин Қарақалпақстан. 2007. 28-июль.
[63] Уснатдинов Ш. Тарийхымыз илиминиң қаҳарманы. // Еркин Қарақалпақстан. 2007. 28-июль.

бир-бирине жақын болғаны менен тийкарсыз есапланады. Бирдей белгилер– булар бәринен бурын тексттиң еки қурамлылығы. Оның бир бөлеги гүрриңлесиўдиң бир қатнасыўшысына, ал екинши бөлеги – екиншисине «тийисли» болады. Гүрриңлесиўде де, интервьюде де пикирлер алысыўлар, репликалар бар. Бирақ усының менен бирге жанрлар арасында жүда үлкен әҳмийетлы айырмашылық бар екенин айтыў керек. Ол бәринен бурын интервью алыўшы журналистке ҳәм гүрриңлесиўши журналистке ажыратылған рольге байланыслы болады. Ол интервьюдиң ямаса гүрриңлесиўдиң текстлериниң мазмунына айтарлықтай тәсир көрсетеди. Интервью алыўшы ролинде журналист тек сораўлар қояды, ал оған интервью бериўши жуўап қайтарады. Сонлықтанда интервью бериўши материалдың тийкарғы мазмунын, оның сыпатын (соның ишинде позитивлик ямаса сын бағдарда екенлигин) қәлиплестиреди.

Ал, гүрриңлесиўши журналист өзиниң сәўбетлеси менен тең ҳуқықлы шериклес, материалдың болажақ текстиниң мазмунын дөретиўши болып табылады. Сонлықтанда интервьюге тән болған сораў-жуўап түринде пикир алысыў менен салыстырғанда, гүрриңлесиўде «тең ҳуқықлы» теңдей репликалар, ой-пикирлер менен алмасыў жүз береди. Журналист интервью алғанда, ол тек респонденттиң ой-пикирлерин бағдарлаўы ғана мүмкин. Ал материалдың мазмуны реал турде фактологиялық, баҳалаўшы ямаса басқаша болама, оны тийкарынан респонденттиң жуўаплары белгилейди.

Интервью алыныўшы қаншелли объектив болыўға умтылғаны менен, ол қәлеген жағдайда додалаў предметине өз позициясынан, өз билимлеринен, түсиниклеринен келип шығып қарайды. Сонлықтанда, ол қәлесин ямаса қәлемесин предметтиң өзине көбирек мақул, унамлы тәреплери ҳаққында сөз етеди, өз пикирине қарама-қарсы келген тәреплерин қалдырып кетеди. Гүрриңлесиўдиң буннан айырмашылық белгилери басқа қатнасыўшысы да өзиниң позициясына ийе болыўында ҳәм болажақ мақаланың предмети ҳаққында, атап айтқанда усыннан келип шығып додалай алыўында көринеди.

Гүрриңлесиўде еки тең ҳуқықлы шериклес (ямаса бир неше адам) қатнасыўы гүрриңлесиў предметин объектив сәўлелендириў мүмкиншилигин арттырады. Бул журналисттиң (ямаса гурриңлесиўдиң басқа қатнасыўшыларының) өзиниң айрықша позициясында турыўы мүмкиншилигин жүзеге шығарады. Бул позициялар оны додаланып атырған предметтиң басқа аспектлерин, басқа сыпатларын, артықмашлықлары менен кемшликлерин, байланысларын сәўлелендириўге бағдарлайды.

Солай етип, интервьюдеги додалаў предметин бир тәреплеме, «монистикалық» сәўлелендириўден айырмасы гурриңлесиўде додалаў предметин көп тәреплеме, полифониялық көриў мумкиншилиги болады. Әлбетте, бул ўақыялықты сәўлелендириўдиң объективлигин арттырады.

Бүгинги күнде баспасөз жанрлары терең талықылаўды ҳәм салыстырмалы үйрениўди талап етеди. Себеби баспасөз материаллары көбинесе қурамалы формада жазылады. Әдетте бундай материалларға бир неше жанр элементлери ҳәм белгилер бирлескен формада келеди. Соның ушын да бундай бирлесиў усылларын «жанрлар синтези» деп атаў мүмкин. Әлбетте, жанрлар синтезинде бир неше жанр компонент сыпатында қатнасып, олардың биреўи доминант болады яғный жетекшилик қылады. Бундай қурамалы материалларды Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мирасларды сәўлелендириў барысында да көриўимизге болады.

Мәселен, С.Әжимовтың «Қоңырат қаласының жасы неше де?» [2] атлы дөретпесиниң композициялық қурылысына итибар беретуғын болсақ, ол еки бөлимнен ибарат. Мақаланың биринши бөлимниң дәслепки абзацында корреспонденцияның белгилери сезиледи. Мәселен, журналист бул абзацта Қоңырат қаласындағы Бograхан ямаса Бурахан ата қойымшылығында алып барылған археологиялық изертлеў жумыслары ҳәм оның нәтийжесинде қала тарийхы ҳаққында факт ҳәм дәлийллерге сүйенген ҳалда мағлыўматлар

---

[2] Әжимов С. Қоңырат қаласының жасы неше де? Қарақалпақстан жаслары. 2000-жыл. 17-февраль.

береди. Ал мақаланың екинши бөлминде интервью жанрының элементлери ушырасады. Себеби онда археологиялық изертлеў жумысларының барысы ҳәм қала тарийхы ҳаққында экспедиция қатнасыўшыларының пикирлери берилген. Мәселен: «Экспедиция басшысы, тарийх илимлериниң кандидаты, доцент Мырзалы Төребеков бул ески қала туўралы былай дейди:

– Қала Қараханийлер дәўирине тийисли болып, сол дәўирлерде хан болған Бограхан деген ханның аты менен аталған болыўы итимал. Бул минара X әсирге тийисли Аль-Магдисий, Аль-Истахрий араб қол жазба мағлыўматларында бул қала «Мадмина» деп аталады.

Археологиялық қазыў нәтийжесинде орта әсир пайтахт қалаларына характерли болған қала минарасы орны ашылды. Гөне Үргениш минарасы менен бир ўақытта қурылған болып, оның диаметри 9 метрден зыят, демек бийиклиги 60 метрдей болыўы мүмкин. Буннан мың жыл бурын пайда болған бул қала халықлары XV-XVI әсирлерге келе Әмиўдәрьяның бағытының өзгерип, суўдың тамтарыслығынан ҳәзирги Қоңырат қаласының территориясына мәкан басқанлығы анықланды».[64]

Мине усы формада қала тарийхы ҳаққында бир неше экспедиция қатнасыўшыларының пикирлери берген. Бирақ респондентлерге берилген сораўлар жасырын ҳалатда болып, жуўаплар газета оқыўшыларына усынылған. Әлбетте, әпиўайы көз бенен қарап бул материалды интервью деп айтыўымыз мүмкин. Лекин оған терең анализ жасасақ, блицопрос жанрында жазылғаны мәлим болады. Себеби, интервью жанрында журналист тәрепинен бир неше саўаллар дүзилип, оның жуўаплары бир респондент (жуўап бериўши) тәрепинен алынады. Ал блицопрос жанрында болса, журналист улыўмаласқан бир саўалды ортаға таслап, оған бир неше респондентлер жуўап қайтарады. Блицопрос жанрының тийкарғы өзгешелиги де сонда. Улыўма, С.Әжимовтың мақаласын жанрлық көз-қарастан корреспонденция ҳәм блицопрос жанрларының синтезинен қуралған деп

---

[64] Әжимов С. Қоңырат қаласының жасы неше де? // Қарақалпақстан жаслары. 2000-жыл. 17-февраль.

айтыўға болады. Бул материалда корреспонденция жанрының элементи де бар болып, тийкарғы доминант болып блицопрос жанры хызмет етеди. Лекин бунда журналист сораўлары жасырын болып, олар улыўмалық характерге ийе.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрас тематикасын сәўлелендириўде мақала жанры жетекшилик қылады. Биз диссертациямыздың жоқарыдағы бапларында басылымларда тарийхый-мәдений мийрасымызды сәўлелендирген мақалалардың бир нешшесинен мысал келтирип анализ еттик. Сонлықтанда, бул жерде мақала жанрына тийисли газета материалларынан мысал келтирип отырмаймыз. Мақала жанрына қысқаша характеристика берип өтемиз.

Мақала жанры аналитикалық журналистикада тийкарғы жанр болып табылады. «Мақала» түсиниги латынша «articulus» сөзинен келип шыққан болып, «бууын», «ағза», «пүтинниң бир бөлеги» дегенди аңлатады. Бул не ушын журналистлик әмелиятта қәлеген бир өз алдына жәрияланған материал, газета номериниң пүткил текстиниң бир бөлеги бола турып, «мақала» деп аталыўы мүмкин екенлигин түсиндиреди. Қысқа информациялардан басқа, мақалалар деп хәр қыйлы жанрлардағы күтә көп сандағы материалларды атайтуғыны тосаттан емес. Бирақ сөз толық дәрежеде анық «мақала» жанры хаққында (сөздиң тар мәнисинде) болғанда, онда мақала дегенде қандайда бир жағдайларды, процесслерди, қубылысларды, олардың тийкарында болған нызамлы байланысларды олардың сиясий, экономикалық ямаса басқада әхмийетин билиў және усындай жағдайды, процессти, усындай қубылысты қоллап-қуўатлаў ямаса сапластырыў ушын қандай позиция тутыў, өзиңди қалай услаў кереклигин анықлаў мақсетинде анализлейтуғын (таллап қарап шығатуғын) материаллар түсиниледи.

Мақаланы бәринен бурын жәмийетлик әхмийетли болған процесслерди, жағдайларды, қубылысларды хәм оларды басқаратуғын нызамлылықларды таллап қарап шығыўға арналған жанр сыпатында анықлама бериў мүмкин.

Мақалада предметти аналитикалық додалаў оқыўшылар материалды пайдалана алыўы, буннан кейин өзлерин қызықтырған мәселелер үстинде пикир жүритиўи мүмкин болғанындай етип әмелге асырылыўы тийис.

Солай етип, мақаланың айрықша функциясы ҳаққында айтыўға болады. Ол, мақаланың оқыўшыларға әҳмийетли процесслердиң, жағдайлардың, қубылыслардың жәмийетлик және жеке әҳмийетлилигин, олардың себеп-нәтийжелик байланысларын түсиндириўден, сондай-ақ материалда сәўлелендирилген предметке байланыслы оқыўшыларды пикир журитиўге, ҳәрекет етиўге инталандырыўдан ибарат. Буннан тысқары, ол аудиторияның дыққатын сыпатланып атырған жағдайларға байланыслы пайда болатуғын ўазыйпаларға, машқалаларға қаратады. Усы жағдайлардың анаў ямаса мынаў қатнасыўшысында қандай стратегиялық ямаса тактикалық мәплер бар екенин көрсетеди. Жақсы мақала әҳмийетли жағдай ҳаққында ҳақыйқый түсиник береди, әмелий илажлар көриўге алып келетуғын идеяларды ислеп шығыў ушын тийкар болып хызмет етеди. «Дурыс» мақала бәрҳама белгили бир сыпаттағы предметти сәўлелендириўге байланыслы болады.

Мақала жанрының предметин әҳмийетли жағдайларда ҳәм процесслерде болған қарама-қарсылықларда ҳәм машқалаларда және оларды шешиў, тәртиплестириў шараятларында олардан келип шығатуғын ўазыйпаларда ҳәм жәмийетлик раўажланыўдың олар менен байланыслы болған тенденцияларында, перспективаларында, нызамлықларында көриў мүмкин.

Ҳәзирги ўақытта баспасөзде мақала жанрының пайда болыўының салыстырма турақлы формалары бар. Олардың тийкарғылары сыпатында төмендегилерди атап көрсетиў мумкин.

Әмелий – аналитикалық мақала бәринен бурын тарийхый-мәдений мийрастың, санааттың, аўыл хожалығының, исбилерменликтиң, мәденияттың, илимниң, билимлендириўдиң, бизнестиң, финанслардың ҳәм т.б. әҳмийетли әмелий машқалаларына қаратылады. Буны биз көбирек

республикалық газеталар болған «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана» сыяқлы газеталар мысалында көриўимиз мүмкин. Әмелий аналитикалық мақалаларда анаў ямаса мынаў жумыс саласында, өндирис ҳәм тағы басқа тараўыларда шешилип атырған әмелий ўазыйпаларға байланыслы анық машқалалар, ўақыялар, ҳәрекетлер, жағдайлар таллап қарап шығылады. Әмелий– аналитикалық мақаланың авторы өндиристиң анаў ямаса мынаў саласында, бир қатар кәрханаларда, социаллық салада ҳәм т.б. тараўларда қәлиплескен жағдайлардың себеплерин анықлаўды, бул жағдайларға баҳа бериўди, олардың раўажланыў тенденциясын анықлаўды, анаў ямаса мынаў әмелий ўазыйпаларды шешиў жолында турған машқаларды атап көрсетиўди, мумкиншилиги болғанша усы ўазыйпаларды нәтийжели шешиў жолларын табыўды, жәмийетшиликтиң додалаўына қандайда бир конструктивлик усыныслар киргизиўди өз алдына мақсет етип қояды.

Буны биз газета материаллары мысалында көриўимиз мумкин.

Мәселен, Ҳайитбой Абдусодиқтың «Мәнаўий мәртлик туйғысы барма яки Хожелиге музей керек пе?»[65] атлы мақаласында Хожели районындағы тарийхый-мәдений естеликлерге болған итибарсызлықлар сынға алынады.

Машқалалы мақаланы таярлаў ҳақыйқый турмыста кеўил қәлеген нәрсе ҳәм мумкин болған нәрсе арасындағы машқалалық жағдайды, жәнжеллик жағдайды уйрениўден басланады. Машқала, журналистти қызықтырған қубылыс ҳаққында өзинде бар болған билимлер және усы қубылыстың нәмәлим тәрепи арасындағы қарама-қарсылықларды аңлап жетиў арқалы оның алдында пайда болады. Бул қарама-қарсылық автор тәрепинен машқаланың анықламасында сәўлелендириледи.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириўде илимий мақала жанрына тийисли материаллар да жийи ушырасады. Әдетте илимий мақалаларда публицистикалық шегинислер,

---

[65] Абдусодиқ Ҳ. Мәнаўий мәртлик туйғысы барма яки Хожелиге музей керек пе? // Қорақалпоғистон тонги. 2010. 16-сентябрь.

көркемлеў қураллары улыўма болмайды. Лекин күнделикли баспасөз бетлеринде орын алған илимий мақалаларда публицистикалық баҳалаўлардың ҳәм көркемлеў қуралларының белгилери сезиледи. Себеби, газетада жәрияланған илимий мақалалар тек ғана қәнигелер ушын емес, ал кең аудиторияға мөлшерленген болады. Сол ушын күнделикли басылымларда жәрияланған илимий мақалаларда публицистлик белгилер ҳәм көркемлеў қураллары мақаланың аудиторияға теңдей түсиникли ҳәм жанлырақ болыўы мақсетинде қолланылады. Мәселен, Ж.Базарбаев ҳәм Ғ.Хожаниязовлардың «Гербимиздеги қорған тарийхы»[66] ямаса С.Баҳадырованың «Қарақалпақ қобызы»[67], «Қарақалпақ жыраўы»[68] атлы мақалаларын анализлегенимизде оның тили, көтерилген проблемасы, фактлер избе-излиги ҳәм анализлеў усыллары илимий стильге қаратылған. Бирақ мақаланың басланыўында публицистикалық белгилер көзге тасланады. Мысалы, Ж.Базарбаев ҳәм Ғ.Хожаниязовлардың «Гербимиздеги қорған тарийхы» атлы мақаласы былайынша басланады: «Ана топырақ, туўылған мәкан. Ондағы ҳәр бир гия, ҳәр бир тас ҳәр бир сай-салалары, адамға күш-қуўат ҳәм мәдет береди. Елпип ескен самаллар, аппақ бултлар, әптап ҳәўирлери, сайраған қуслар, туўлаған балықлар, қашаған асаўлар ҳәм ҳайўанатлар ҳәммеси бизге еркliликти көрсетеди» деп дәслеп Ўатанымыз тәбиятының гөззаллығын сүўретлеп береди.  Бул болса мақаланың кирисиў бөлимин публицистикалық метод тийкарында баслаў шеберлиги болып есапланады. Лекин газетада берилген илимий мақалаларда лирикалық сезимлер, ҳәдден тысқары бөрттириўлер ушыраспайды. Газета материалларында публицистикалық образлылық ҳәм көркемлеў қураллары мақаланы жанландырыў, аудитория тәрепинен жақсы қабыл алыныўы ушын қолланылады.

---

[66] Базарбаев Ж., Хожаниязов Ғ. Гербимиздеги қорған тарийхы. // Еркин Қарақалпақстан. 2004-жыл. 21-август.
[67] Баҳадырова С. Қарақалпақ қобызы. // Еркин Қарақалпақстан. 2010-жыл. 21-сентябрь.
[68] Баҳадырова С. Еркин Қарақалпақстан. Қарақалпақ жыраўы. 2010-жыл. 28-октябрь.

Жуўмақлап айтқанда, Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрас тематикасын сәўлелендириўде журналистика жанрларын терең анализлеў нәтийжесинде журналистлердиң көбирек бир неше жанр элементлерин бирлестирген усылда теманы жаратқанлығын көремиз. Деген менен, журналистлердиң мақсети жанрларды бирлестириў емес, ал көтерилген идеяны ҳәм машқаланы кең ашып бериў болып табылады. Соның ушын да олар ўақыяны, қаҳарман образын қайсы жанрдың элементлеринен көбирек ашып беретуғын болса, өз мақаласында сол жанр элементлерин пайдаланған. Нәтийжеде жанрлар синтези пайда болған.

# ЖУЎМАҚЛАЎ

Ғәрезсизликке ерискеннен кейин жәмийетлик турмыстың барлық тараўларында үлкен өзгерислер, жаңаланыў ҳәм раўажланыўлар жүз бере баслады. Бул өзгерислер журналистикада, баспасөз бетлеринде де кең түрде өз көрнисин тапты. Олардың тематикалық ҳәм структуралық анализи ғалаба хабар қуралларының миллий қәдириятлар ҳәм тарийхый-мәдений мийрасларды қайта тиклеў идеясы менен жәмийетшилик пикирин жаңаша қәлиплестириўши жәмийетлик институтқа айланғанын көрсетеди. Себеби Қарақалпақстан баспасөзи жәмийетлик қатламлардың социаллық турмысын сәўлелендириўши ҳәм оған белсене тәсир етиўши тийкарғы қурал болып есапланады.

Көп әсирлик тарийхқа ийе болған қарақалпақ халқының бай мәденияты, миллий үрп-әдетлери, таўсылмас руўхый мийрасы ғәрезсизлик дәўири қарақалпақ баспасөзинде өз көринисин тапты. Бул бағдардағы яғный тарийхый-мәдений мийрасларымызды тиклеў ҳәм тереңирек үйрениўге қаратылған кең көлемли мақалалар миллий баспасөзде өз сәўлелениўин тапты.

Ғәрезсизлик дәўири тарийх илими алдына қарақалпақ мәмлекетлиги тарийхы XIX әсирден басланады деген сыяқлы пикирлердиң надурыс екенлигин дәлийллеў, халқымыздың этникалық жақтан келип шығыў тарийхын тереңирек ҳәм объективлилик көз-қарастан үйрениў мәселесин қойды. Халқымыздың келип шығыў, халық болып қәлиплесиў ҳәм өз мәмлекетлигин дүзиў тарийхы ҳаққында қунлы мағлыўматлар бериўши мақалалар тарийхшы илимпаз ҳәм журналистлер тәрепинен баспасөзде үзликсиз жәриялана баслады.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириў мәселелерин изертлегенимизде айта кететуғын және бир характерли нәрсе, ғәресизликке ерискеннен соң өтмиште жасап өткен уллы

данышпанларымыз, ой-пикир ийелери болған бабаларымыздың ибратлы өмири, илим, пән, мәдeният, әдебияттың раўажланыўына қосқан үлеси, мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик ғайраткерлер ҳәмде олардың ел-халық алдындағы хызметлери баҳаланып, олар ҳаққындағы ҳақыйқатлық қайта тикленди.

Мәмлекетимизде тарийхый-мәдений мийрасларымызды көз қарашығындай сақлаў, тарийхый мийрас объектлерин изертлеў ҳәм олардың дүньяжүзлик цивилизациясында тутқан орны ҳәм әҳмийетин белгилеў бойынша бир қатар ислер әмелге асырылмақта. Жәнe бир әҳмийетли тәрепи, мәмлекетимизде бул тараўға тийисли нызмашылық системасы ислеп шығылып, турақлы түрде жетилистирилип барылмақта.

Бүгинги қарақалпақ баспасөзинде халқымыздың тарийхы ҳәм тарийхый-мәдений мийрасларымыз ҳаққында жәрияланып атырған мақалаларды анализлей отырып оларды тематикалық жақтан төмендегише классификациялаўымыз мүмкин:

1. Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы археологиялық мийрас объектлери, яғный тарийхый орынлар, әййемги қала, қорғанлар ҳәм олардың тарийхына тийисли материаллар. Бул бағдардағы мақалалар тийкарынан тарийхшы-археологлар тәрепинен жазылмақта.

2. Қарақалпақ халқының этногенезине ҳәм этникалық жақтан келип шығыў тарийхына тийисли мақалалар. Бул бағдардағы мақалалар тарийхшы, әдебиятшы илимпазлар авторлығында жәрияланбақта.

3. Тарийхый тулғалар ҳаққындағы журналистик-публицистик материаллар. Бул тематикадағы мақалалар публицист-журналистлер, тарийхшы, әдебиятшы илимпазлар ҳәм газета оқыўшылары тәрепинен жазылмақта.

4. Қарақалпақ халқының этнографиясы, үрп-әдет дәстүрлери ҳәм аўыз еки әдебияты ҳәм оның тарийхына тийисли мақалалар. Бул бағдардағы мақалалар тек ғана тарийхшы, әдебиятшы илимпазлар тәрепинен ғана емес,

ал усы тарауға қызығыўшы зыялылар ҳәм кең жәмийетшилик ўәкиллери тәрепинен де жәрияланбақта.

Қарақалпақстан баспасөзинде қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи, оның келип шығыў тарийхы ҳәм республикамыз аймағындағы тарийхый қала ҳәмде естеликлерди изертлеўге байланыслы археологиялық, этнографиялық, тарийхый, әдебий ҳәм архивлик дереклерге сүйенген ҳалда жазылған мақалалар жарияланбақта. Әсиресе академик С.Камалов, Ж.Базарбаев, Ҳ.Ҳамидов, М.Мамбетуллаев, С.Баҳадырова, Б.Қощанов, Ш.Бабашев, О.Юсупов, Ғ.Хожаниязовлардың халқымыздың бай тарийхы ҳаққындағы публицистикалық материаллары кең жәмийетшиликте үлкен қызығыўшылық оятпақта. Изертлеў нәтийжесинде бул бағдардағы мақалалар тийкарынан тарийхшы, әдебиятшы ҳәм археолог илимпазлар тәрепинен жазылып атырғанлығын көриўимизге болады. Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрас тематикасын сәўлелендириўде публицистлер көркемлеў қуралларынан, тарийхый фактлерден, жылнамалардан шебер пайдалана алған.

Бул типтеги журналистлик материаллар «Еркин Қарақалпақстан», «Вести Каракалпакстана», «Қорақалпоғистон тонги», «Қарақалпақстан жаслары» ҳәм «Устаз жолы» газеталарында «Тарийх», «XXI әсир археологиясы жаңалықлары», «Тарийх бетлеринен», «Өтмиш ҳәм биз», «Тарийхқа нәзер салсақ», «Дәреклер», «Дәреклескен тарийхқа жат емес», «Шежире», «Тарийхтан дереклер», «Мийрас», «Өтмиштен саза», «Уллы тулғалар ҳаққында», «Тарийх ҳәм мәнаўият» ҳәм тағы басқада рубрикалар астында берилип барылмақта.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириўде газета материаллары композициясы, журналист уқыплылығы, тили ҳәм индивидуал услуб әҳмийети үлкен.

Қарақалпақстан баспасөзинде жарияланған тарийхый-мәдений мийраслар тематикасындағы материаллардың тәсиршеңлиги ҳәм нәтийжелиги тилдиң көркемлиги менен де белгиленеди.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириўде публицистлер мақала композициясын өзине тән услублар арқалы бериўге итибар берген. Бул тематикадағы баспасөз материаллары композициясы авторлардың индивидуал услубына, мақала көлемине ҳәм ўақыялар раўажланыўына қарай дүзилис тапқан. Публицистлер тарийхый-мәдений мийраслар тематикасын ашып бериўде мақаланың басланыўы менен жуўмақланыўына айрықша итибар қаратқан.

Улыўма айтқанда, Қарақалпақстан баспасөзинде журналистлик материаллардың композициялық дүзилиси ҳәм тил имканиятларынан пайдаланыў шеберликлери көбирек тәжирийбели журналистлер, көрнекли публицистлер дөретиўшилигинде раўажланып барған.

Қарақалпақстан баспа сөзинде тарийхый-мәдений мийрасларды сәўлелендириўде информациялық характердеги материаллар менен бирге аналитикалық жанрлар топарына кириўши мақала, анализли интервью, гүрриңлесиў жанрлары да жийе ушырасады.

Қарақалпақстан баспасөзинде тарийхый-мәдений мийрас тематикасын сәўлелендириўде журналистика жанрларын терең анализлеў нәтийжесинде журналистлердиң көбирек бир неше жанр элементлерин бирлестирген усылда теманы жаратқанлығын көремиз. Деген менен, журналистлердиң мақсети жанрларды бирлестириў емес, ал көтерилген идеяны ҳәм машқаланы кең ашып бериў болып табылады. Соның ушын да олар ўақыяны, қаҳарман образын қайсы жанрдың элементлеринен көбирек ашып беретуғын болса, өз мақаласында сол жанр элементлерин пайдаланған.

Көп мың жыллық тарийхый-мәдений раўажланыўымызды әмелде дәлийллеўши уллы мийрасымызды халқымыз, әсиресе, өсип киятырған жас әўлад ҳәмде сырт елли мийманлар, туристлер ҳәм пүткил дүньяға үгит-

нәсиятлаў бағдарында көплеген жумыслар алып барылыўы менен биргеликте, жоқарыдағы сыяқлы бийпәрўа қатнас жасаў ҳәм қәте-кемшиликлер де ушыраспақта. Мине усы сыяқлы унамсыз жағдайларға қарсы гүресиў бағдарында төмендегилерди әмелге асырыў зәрүр деп есаплаймыз.

1. Тарийхый-мәдений мийрасларымызды ғалаба хабар қураллары арқалы кең түрде үгит нәсиятлаў мақсетинде телевидение ҳәм радиода арнаўлы көрсетиў ҳәм еситтириўлер шөлкемлестириў, ал баспасөзде болса арнаўлы рубрикалар астында турақлы түрде мақалалар жәриялап барыў;

2. Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы материаллық ҳәм материаллық емес мәдений мийрас объектлери ҳаққында толық мағлыўмат бериўши интернетте вебсайт яки интернет порталын жаратыў;

3. Көп мың жыллық тарийхқа ийе тарийхый-мәдений мийрасларымызды халқымыз, әсиресе, жаслар арасында үгит нәсиятлаў мақсетинде көркем ҳәм ҳүжжетли фильмлер, видеороликлер сүўретке алыў, китап, брошюра, буклет ҳәм басқа да тарқатпа материалларды баспадан шығарыў;

# ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР ДИЗИМИ


1. Каримов И.А. Ўзбекистон: миллий истиқлол, иқтисод, сиёсат, мафкура. Т.I. -Т.: Ўзбекистон. 1996.
2. Каримов И.А. Биздан озод ва обод Ватан қолсин. Т.II. -Т.: Ўзбекистон. 1996.
3. Каримов И.А. Ватан саждагоҳ каби муқаддасдир. Т.III. -Т: Ўзбекистон. 1996.
4. Каримов И.А. Бунёдкорлик йўлидан. Т.IV -Т.: Ўзбекистон. 1996.
5. Каримов И.А. Янгича фикрлаш ва ишлаш - давр талаби. Т.V. -Т.: Ўзбекистон. 1997.
6. Каримов И.А. Озод ва обод ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. Т.VIII. - Т.: Ўзбекистон. 2000.
7. Каримов И.А. Ватан равнақи учун ҳар биримиз маъсулмиз. Т.IX. -Т.: Ўзбекистон. 2001.
8. Каримов И.А. Хавфсизлик ва тинчлик учун курашмоқ керак. Т. Х. –Т.: Ўзбекистон. 2002.
9. Каримов И.А. Энг асосий мезон – ҳаёт ҳақиқатини акс эттириш. – Тошкент: Ўзбекистон. 2009. – Б. 21.
10. Ўзбекистон Республикаси Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон. 2001.
11. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. – Н.: Қарақалпақстан. 1993.


## Илимий – теориялық әдебиятлар


1. Абдуазизова Н.А. Туркистон матбуоти тарихи (1870-1917). –Т.: Академия. 2000.
2. Абдуазизова Н.А. Ўзбекистон журналистикаси тарихи. –Т.: Академия. 2002.
3. Абдуазизова Н.А. Ўзбекистон оммавий ахборот воситалари. –Т.: Академия. 2003.
4. Горохов В.М. Основы журналистского мастерства. Учебник. –М.: Высшая школа. 1989.
5. Жәримбетов Қ.XIX әсир Қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Н. "Билим" 2004;
6. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги Қарақалпақ лирикасында көркем формаларда трилогиясы ҳәм типологиясы. Н.2004;
7. Айымбетов Қ. Қарақалпақ фольклоры. Нөкис: Қарақалпақстан. 1977.
8. Турдыбаев К.Қ. Дидактикалық қосықлар – руўхыйлығымыз ғәзийнеси. – Нөкис: 2009.
9. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлиги тарийхынан. – Нөкис: “Вестник” китапханасы, 2001.

10. Тертычный А.А. Жанры периодической печати. Учебное пособие.-2-е изд., испр и доп. – Москва: Аспект Пресс. 2002.
11. Журналистика и политика. Я.Н.Засурский, Е.А.Бранков, Н.В.Шкондин и др.; под ред. Я.Н.Засурского.–М.:МГУ.1987.
12. Колосов Г.В. Публицистика как творчесткий процесс. -М.: Мысль. 1977.
13. Муминов Ф.А. Журналистское расследование. -Т.: Университет. 2002.
14. Муминова Ф.И. Современная зарубежная журналистика. –Т.: Университет. 2001.
15. Мўминов Ф.А. Журналистика ижтимоий институт сифатида. -Т.: Университет 1998.
16. Мўминов Ф.А. Журналистика самарадорлиги фани бўйича маърузалар тўплами. -Т.: Университет. 1994.
17. Нестеренко и др. Труд журналиста: профессионализм, творчество, мастерство. Учеб. пособие. Часть I. -Т.: Зар қалам. 2002.
18. Прохоров Е.П. В ведение в теорию журналистики. Учеб. пособие. -М.: МГУ. 1995. –294 с.
19. Тоғаев О. Ўзбек журналистикаси масалалари. – Тошкент: ТашДУ. 1984.
20. Ученова В.В. Публицистика и политика. -М.: Политиздат. 1973.
21. Худойқулов М. Оммавий ахборот воситалари назарияси. -Т.: Университет. 1999.
22. Шомахсудов А. Ўзбек журналистикаси масалалари. -Т.:ТошДУ.1984.
23. Ҳамдамов Ю.Замон ва мезон. –Т.: Ўзбекистон.1991.
24. Худойқулов М. Ўзбек ҳажвий публицистикаси: шаклланиш ва ривожланиш тамойиллари. -Т.: Университет. 1995.
25. Эрназаров Қ.Т. ва бошқ. Репартёрлик фаолиятининг назарияси ва амалиёти. Ўқув қўлланма. -Т.: ЎзМУ. 2002. –200 б.

## Баспасөз материаллары

1. Абдусодиқ Ҳ. Қари Олов бобо. // Қорақалпоғистон тонги. 2010. 19-26 август.
2. Ажимов С. Қоңырат қаласының жасы нешеде? // Қарақалпақстан жаслары. 2000. 17-февраль.
3. Ажимов С. Қоңырат қаласының жасы неше де? Қарақалпақстан жаслары. 2000-жыл. 17-февраль.
4. Абдусодиқ Ҳ. Маънавий мардлик туйғуси борми ёки Хожелига музей керак ми? // Қорақалпоғистон тонги. 2010. 16-сентябрь.
5. Бабашев Ш. Дарға асылған азатлық гүрес қурбанлары. // Қарақалпақстан жаслары. 2009. 18-июнь.
6. Базарбаев Ж., Базарбаев Р. Қарақалпақлардың келип шығыўы ҳаққында бирер сөз. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 9-ноябрь.

7. Базарбаев Ж., Базарбаев Р. Афучжило – бөриклилердиң биринши ханы, Қаңлы бирлеспесиниң тийкарын салыўшы. // Еркин Қарақалпақстан. 2003. 14-январь.
8. Базарбаев Ж.Қарақалпақ этнониминдеги «қара» сөзиниң тарийхый мәниси» «Еркин Қарақалпақстан. 2006. 13-май.
9. Базарбаев Ж., Базарбаев Р. Олар қайсы қарақалпақлар екен…// Еркин Қарақалпақстан. 2009. 27-январь.
10. Базарбаев Ж., Ғ.Хожаниязов. Гербимиздеги қорған тарийхы. Еркин Қарақалпақстан. 2004. 21-август.
11. Баҳадырова С. Халқымыздың бийбаҳа мийрасының бири. Еркин Қарақалпақстан.// 2001. 4-сентябрь
12. Баҳадырова С. Қарақалпақ фольклорының 100 томлығы. // Еркин Қарақалпақстан. 2006. 4-июль.
13. Баҳадырова С. Ҳәзирети ата-баба қалдырған байлықлар. // Еркин Қарақалпақстан. 2010.13-июль.
14. Баҳадырова С. Қарақалпақ жыраўы. // Еркин Қарақалпақстан. 2010.28-октябрь.
15. Баҳадырова С. Қарақалпақ қобызы. // Еркин Қарақалпақстан. 2010. 21-сентябрь.
16. Дәўлетов А. Миллий мийрасларды қәдирлеў – алға илгерилеўимиздиң гиреўи. // Еркин Қарақалпақстан. 2000. 4-май.
17. Ерниязов Қ. Тарийхымызды тереңирек үйренейик. // Еркин Қарақалпақстан. 2000. 2-ноябрь.
18. Генжемуратов Б. Олар қайсы қарақалпақлар екен… Еркин Қарақалпақстан. 2008. 25-октябрь.
19. Мамбетуллаев М, Шамамбетов Б, Турманов Ж, Юсупов О. Әййемги Окс (Жайҳун, Әмиўдәрья) ултанында «Шылпық қаласы» табылды. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 25-июнь.
20. Мамбетуллаев М, Юсупов О. Қубла Арал бойы халықларының этногенези ҳәм этникалық тарийхы жөнинде. // Еркин Қарақалпақстан. 2002. 24-декабрь.
21. Пахратдинов Ә. Бердақ шайыр ҳаққында дереклер. // Еркин 22. Қарақалпақстан. 2006. 24-август.
23. Палымбетов К., Юсупов О. Қарақалпақ дәстанларында Кердер мәдениятының сәўлелениўи. // Еркин Қарақалпақстан. 2001. 6-ноябрь.
24. Уснатдинов Ш. Тарийхымыз илиминиң қаҳарманы. // Еркин Қарақалпақстан. 2007. 28-июль.
25. Утамбетов Б., Дәўлетназаров Х. Өзлигимизди аңлаў – Ўатан өтмишин қәстерлеўден басланады. // Еркин Қарақалпақстан. 2000. 23-сентябрь.
26. Сийпатдинов Ш. Естелик халқымыздың муқаддес мүлки. Қарақалпақстан жаслары. 2006. 3-август.
27. Сийпатдинов Ш. Ата-бабалар руўхын шадландыратуғын баслама. Қарақалпақстан жаслары. 2008. 7-август.

28. Шониёзов Қ. Ақшаханқаланың ҳақыйқый аты қандай болған?. // Аму тонги. 2008.27-март.
29. Қаландаров Ў. Ақшаханқала. // Қорақалпоғистон тонги. 2007. 8-май.
Қўчқорв Я. Тарийхый мийрас – баспасөз бетлеринде. // Аму тонги. 2008. 24-май.
30. Қўчқоров Я. Уллы жолдың бир бәндиргиси. // Аму тонги. 2001. 29-ноябрь.
31. Юсупов О. Пайтахтымыз Нөкис қаласының қәлиплесиўи қандай болған? // Қарақалпақстан жаслары. 2002. 17-октябрь.